MICHELANGELO
sonetti

MICHELANGELO

sonetti

МИКЕЛАНДЖЕЛО

сонеттæ
▪
сонеты

Ирон æвзагмæ
Кокайты Тотрадзы
тæлмац

Дзæуджыхъæу
2010

84(4Ит)
М–82

Издание осуществлено при поддержке
ОАО «Ариана–С»

Идея оформления
Л.Г. Чилахсаевой

Подбор иллюстративного материала
Р.Ш. Кокаев

Микеланджело Б.
М–82 Сонеттæ [Текст] /Б.Микеланджело: ирон æвзагмæ Кокайты Т. тæлмац – Дзæуджыхъæу: Ир, 2010 – 255 ф.

Микеланджело Б.
Сонеты

ISBN 978-5-7534-1234-8

В настоящем сборнике впервые представлены в переводе на осетинский язык стихи итальянского скульптора, живописца и зодчего эпохи Возрождения Микеланджело Буонарроти.

Книга проиллюстрирована работами великого мастера.

М $\frac{4702500202-36}{М131(03)-10}$ 48–10 **84.4Вл**

© ГУП РСО–Алания «Издательство «Ир», 2010
© Кокайты Т.А., составление,
перевод на осетинский язык, 2010
© Григорян В.С., оформление, 2010

ISBN 978-5-7534-1234-8

ТÆЛМАЦГÆНÆГÆЙ

Хуыцауы комытæф кæмæ фæхæццæ вæййы, уый цард арфдæр фенкъары, йæ дунеæмбарынад бæрзонддæр слæууы, йæ уддзырагъ тынгдæр фæсудзы. Йæ курдиат цы сфæлынды, уый фидæны дугтæм аххæссы.

Микеланджело — дургæрдæг (скульптор), Микеланджело — хуызфыссæг, Микеланджело — аразæг, Микеланджело — поэт...

Кæддæр мæ иу зонгæйæн куы ской кодтон, зæгъын, хорз уаид Микеланджелойы сонеттæ иронау куы сдзуриккой, уæд бадис кодта: «Æмæ Микеланджело æмдзæвгæтæ дæр фыста?»

Микеланджело стыр скульптор уыд, стыр нывгæнæг уыд, фæлæ ма æвæджиауы æмдзæвгæтæ фыста, уый, канд ирон лæг нæ, йе 'мзæххонтæ дæр нæ зыдтой бирæ азты дæргъы. Абон Микеланджело-поэты зонынц дунейы адæмтæ, сдзырдта æндæр æмæ æндæр æвзæгтыл. Уымæ гæсгæ мæн дæр бафæндыд, цæмæй италиаг куырыхон лæджы æмдзæвгæтæ иронау зæлой нæ ирон зæххыл, æмæ ирон поэзиуарзджытæ чысыл феввахсдæр уой йæ дзырды фарнмæ.

Цалдæр азы рацыд, ацы куыст кæнын куы райдыдтон, уæдæй, растдæр зæгъгæйæ та сæм бавнæлдтон, Уильям Шекспиры сонеттæ мæ тæлмацæй хицæн чиныгæй рухс куы федтой, уый хæдуæлвæд — 2001 азы.

Шекспиры сонетæн ис йæхи формæ — хонгæ дæр æй афтæ кæнынц: Ш е к с п и р ы с о н е т — арæзт у æртæ цыппаррæнхъон æмæ кæронбæттæн дыууæ рæнхъæй. Рифмæтæ кæнынц abab cdcd efef gg. Микеланджелойы сонет та у к л а с с и к о н с о н е т: арæзт у дыууæ катрен æмæ дыууæ терцетæй — кат-

рентæ сты цыппаррæнхъонтæ æмæ рифмæтæ кæнынц: abba abba, терцеттæ сты æртæрæнхъонтæ æмæ рифмæтæ кæнынц cdc dcd (cde cde, ccd ede). Куыд уынæм, афтæмæй классикон сонеты формæ вазыгджындæр у Шекспиры сонетæй. Уыимæ вазыгджын у Микеланджело йе стихы цы хъуыды æвæры, уый дæр. Кæд Шекспир æрмæстдæр дзырды дæсны у æмæ йæ хъуыдытæ кæрды аив дзырды бындурыл, уæд Микеланджело та хуызфыссæг æмæ дургæрдæджы барæнтыл бары дзырды ад — хуыз æмæ дуры сусæгты руаджы нын раргом кæны йæ зæрдæйы цин æмæ хъыгтæ.

Фæрсджытæ фæуыдзæн: «Æвзаг нæ зонгæйæ куыд æмæ цы хуызы ис тæлмацгæнæн?» Уыцы фарстæн æз дзуапп нæ ратдзынæн, уымæн æмæ нæй дзуапп раттæн Микеланджело Давиды куыд æмæ цы хуызы сарæзта, уымæн. Алы сфæлдыстадон кусæгмæ дæр ис йæхи сусæгтæ. Зæгъдзынæн æрмæстдæр уый æмæ мæм уыдысты æмдзæвгæты оригиналтæ (чиныджы сæ дæттын), стæй дæлрæнхъон тæлмацты дыууæ варианты — ацы хъуыддаджы мын бахъуыс кодтой Харебаты Яковы чызджытæ Таня æмæ Тамарæ. Ныртæккæ цæрынц Италийы — бузныг сын зæгъын. Уымæй уæлдай мæм уыдысты А. Махов, А. Эфрос æмæ А. Вознесенскийы тæлмацтæ.

Уырыссаг æвзагыл сæ дæттын А. Маховы тæлмацæй — куы йæм бадзырдтон, бар мын ратт дæ тæлмацтæ чиныджы бакæенынмæ, зæгъгæ, уæд тынг бацин кодта, — æхсызгон ын уыд Микеланджело иронау дæр кæй сдзурдзæн, уый.

Ирон æмæ уырыссаг тæлмацты 'хсæн, кæй зæгъын æй хъæуы, хицæндзинæдтæ уыдзæн, фæлæ уым диссагæй ницы ис, уымæн æмæ сæ А. Махов тæлмац кодта италиаг æвзагæй, æз та сæм дарддæрты бавнæлдтон. Æмæ цалынмæ ирон лæг италиаг æвзаг базона æмæ сæ хуыздæр раива, уæдмæ уал, зынаргъ чиныгкæсæг, æз мæ тæлмацтæ дæ размæ хæссын æмæ сын рæсттæрхонгæнæг у.



MICHELANGELO

sonetti

▪

сонеттæ

▪

сонеты

1

Molti anni fassi qual felice, in una
brevissima ora si lamenta e dole;
o per famosa o per antica prole
altri s'inlustra, e 'n un momento imbruna.

Cosa mobil non e che sotto el sole
non vinca morte e cangi la fortuna.

1

Ænæмæт азты иугæндзон фæлхат
Æваст æрхæссы маст æмæ дызæрдыг.
Мæрдырох бафтдзæн иуафон дæ зæрдыл,
Бæсты бикъ фест, — нæ фæцæудзынæ дард.

Фæлывддзинад кæмфæнды дæр æвзæры,
Фæливын зоны хуры цæст дæр хатт.

На смену бегу безмятежных лет
Приходят разом горькие сомненья.
Для всех живущих неизбежно тленье —
Хоть трижды знатен будь, пощады нет.

Обманчиво любое наважденье,
И переменчив даже солнца свет.

2

Sol io ardendo all'ombra mi rimango,
quand'el sol de' suo razzi el mondo spoglia:
ogni altro per piacere, e io per doglia,
prostrato in terra, mi lamento e piango.



2

Хур арвгæрон йæ фæстаг тын фæрсудзы,
Æмæ та дуне тар фынтыл фæхæст.
Дæлгоммæхаудæй — иунæг æз æрмæст —
Ныдздзыназын, — мæ уд цырагъау судзы.

Погас за горизонтом луч заката,
И мир забылся беспробудным сном.
Лишь я, простертый на земле пластом,
Рыдаю, а душа огнем объята.

3

Grato e felice, a' tuo feroci mali
ostare e vincer mi fu gia concesso;
or lasso, il petto vo bagnando spesso
contr'a mie voglia, e so quante tu vali.
E se i dannosi e preteriti strali
al segno del mie cor non fur ma' presso,
or puoi a colpi vendicar te stesso
di que' begli occhi, e fien tutti mortali.
Da quanti lacci ancor, da quante rete
vago uccelletto per maligna sorte
campa molt'anni per morir po' peggio,
tal di me, donne, Amor, come vedete,
per darmi in questa eta piu crudel morte,
campato m'ha gran tempo, come veggio.

3

Уыдтæн зæрдæрай, — хин-кæлæнтæй — дард,
Мæ мондæгтæн ныххæцыдтæн сæ хурхыл,
Фæлæ та марынц мæн мæ монцтæ хурхæй, —
Æвæндонæй та ссыгъд мæ риуы арт.

Цæмæй дæ уарзтæй ма 'ййафон хъыгдард,
Дæ тызмæг ахаст фаудтон æз æдзухæй.
Дæ кæлæнтæ ныссæндын уыд мæ тухæн,
Фæлæ мæхиуыл карз æфхæрд æруад.

Лæппын маргъау æз алкæм рогæн тахтæн,
Нæ бонты згъорды никæд зыдтон тыхст,
Фæлæ дæ хызы смидæг дæн, о, Доннæ.

Хæрзæбон ныр мæ рæсугъд цардæн загътон,
Амуры къæппæг бакодта йæ куыст, —
Сæрибар цард, нæй, нал уыдзынæн зонæг.

Был счастлив, избежав коварство чар
И заглушив в себе порывы страсти.
Но сызнова я стражду от напасти —
Рассудку вопреки в груди пожар.

В надежде подавить любви угар
Я проклинал жестокость вашей власти
И разрывал уловок хитрых снасти,
За что в отместку получил удар.

Порхал я всюду, как птенец, бывало,
И беззаботно жил день ото дня.
Но угодил, о донны, в ваши сети.

Пора моя на воле миновала —
Захлопнулась Амура западня,
И мне свободы не видать на свете.

4

Quanto si gode, lieta e ben contesta
di fior sopra ' crin d'or d'una, grillanda,
che l'altro inanzi l'uno all'altro manda,
come ch'il primo sia a baciar la testa!
Contenta e tutto il giorno quella vesta
che serra 'l petto e poi par che si spanda,
e quel c'oro filato si domanda
le guanci' e 'l collo di toccar non resta.
Ma piu lieto quel nastro par che goda,
dorato in punta, con si fatte tempre
che preme e tocca il petto ch'egli allaccia.
E la schietta cintura che s'annoda
mi par dir seco: qui vo' stringer sempre.
Or che farebbon dunche le mie braccia?

4

Йæ сызгъæрин дзыккутыл ын æнцадгай
Æрбынат кодта дидинджыты быд.
Ныр дидинджытæй алкæй дæр фæнды,
Йæ урс ныхæн куы ба кæнид фыццагдæр.

Тæхудиаг йæ къаба у æцæгдæр,
Йæ къуыбыр риутæн чи ‘мбæхсы сæ зыд,
Кæнæ йæ пух рустæ кæмæй зонынц рæвдыд,
Гъе, уыцы аив хæрдгæбыд æфцæггот.

Бынтон диссаг у уыцы алдымбыд,
Хæрдгæхуыдæй цæхæртæ чи фæкалы
Æмæ йæ хъуырыл чи тыхсы æдзухдæр.

Æнæзынгæ цы камари æрзылд
Йæ синысæртыл, хурхæй мæн уый мары.
Цы кусиккой йæ бæсты уым мæ къухтæ!

Чело прелестное слегка лаская,
На золотых кудрях лежит венок.
И каждый вдетый в волосы цветок
Быть первым норовит, главу лобзая.

Девичий стан свободно облегая,
Хитон спадает складками у ног.
Лебяжьей шеи и пунцовых щек
Касается наколка кружевная.

Но радость большую дано познать
У ворота атласной ленте гладкой:
Она по нежным персям вьется днями.

Ей неприметный поясок под стать —
Он к чреслам прижимается украдкой.
О что бы натворил я тут руками!

5

Signor, se vero e alcun proverbio antico,
questo e ben quel, che chi puo mai non vuole.
Tu hai creduto a favole e parole
e premiato chi e del ver nimico.
I' sono e fui gia tuo buon servo antico,
a te son dato come e' raggi al sole,
e del mie tempo non ti incresce o dole,
e men ti piaccio se piu m'affatico.
Gia sperai ascender per la tua altezza,
e 'l giusto peso e la potente spada
fussi al bisogno, e non la voce d'ecco.
Ma 'l cielo e quel c'ogni virtu disprezza
locarla al mondo, se vuol c'altri vada
a prender frutto d'un arbor ch'e secco.

5

Синьор, дæ митыл æз фæкæнын дис.
Æцæгæй дæр: кæй бон у, уый нæ фæнды.
Козбау лæг дын рæсугъд тынтæ нывæнды, —
Дæ рæдауæй йæм хорзæхтæ дæр ис.

Дæ цагъайраг — мæ ис æмæ мæ бис
Дæуæн нывондæн хастон æз кæдфæнды,
Фæлæ дæ тызмæг не сразы мæ фæндыл, —
Нæ банкъардтай мæ уды дудгæ рис.

Æнхъæл уыдтæн: дæ бæрзонддзинад хондзæн
Йæ галуантæм мæн — азæлды бæсты —
Рæстаг тæрхонæн — хъамайыл хæссæгау.

Уæлæрвты дæр нæй иу аргъгæнæг хорзæн,
Гъе, уый тыххæй мæ тухитæ куы сты
Хуыскъ бæласмæ дыргъыхорзмæ кæсæгау.

Пословица, мой государь, известна
О том, как видит око — зуб неймет.
Завистников у нас невпроворот.
Угодливость тебе, как вижу, лестна.

От смелых мыслей духу было тесно,
Когда прославить я решил твой род,
Забыв, что бездарям у нас почет,
А вдохновенье вовсе не уместно.

Мечтал я верность доказать в делах,
Но не обласкан за свое раденье —
В ответ мне прозвучало эхо гнева.

Не ценится добро на небесах,
Коль за тяжелый труд вознагражденье
Просить я должен у сухого древа.

6

Chi e quel che per forza a te mi mena,
oilme, oilme, oilme,
legato e stretto, e son libero e sciolto?
Se tu incateni altrui senza catena,
e senza mane o braccia m'hai raccolto,
chi mi difendera dal tuo bel volto?

6

Ænахуыр цинæй базмæлыд мæ зæрдæ.
О, уарзын æй æрфæндыд!
Сæрибар цардæн, ау, æрцыд кæрон?!
Ænæ рæхысæй сбастой кæд æндæрты,
Кæд у мæнæн дæр ме ‘намонд нывгонд, —
Дæ хинтæй мæ ысуæгъд кæндзæн кæй зонд?

В волнении душа затрепетала.
Увы, страстей взалкала!
Ужель свободы буду я лишен?
Раз без оков ты всех других сковала,
И мой печальный жребий предрешен.
Кем буду я от чар твоих спасен?

7

Qua si fa elmi di calici e spade
e 'l sangue di Cristo si vend'a giumelle,
e croce e spine son lance e rotelle,
e pur da Cristo pazienzia cade.
Ma non ci arrivi piu 'n queste contrade,
che n'andre' 'l sangue suo 'nsin alle stelle,
poscia c'a Roma gli vendon la pelle,
e ecci d'ogni ben chiuso le strade.
S'i' ebbi ma' voglia a perder tesauro,
per cio che qua opra da me e partita,
puo quel nel manto che Medusa in Mauro;
ma se alto in cielo e poverta gradita,
qual fia di nostro stato il gran restauro,
s'un altro segno ammorza l'altra vita?



7

Зæрин дзуæрттæй ам рацæгъдынц æрцытæ,
Рæстаджы туг кæнынц æнæвгъау уæй,
Æркæрдынц тахъа кады нуазæнæй,
Чырыстийы ном сæгад ис, ысдзырддаг.

Гæлхæрд адæмæй ферох фарны хъуыддаг, —
Голгофмæ надыл иу азмæлæг нæй.
Нырриздзæн Рим йæ удхайраг фыдтæй,
Фæхаудзæни йæ кад æмæ йæ цытæй.

У хорзæх ам фыддæр цыфыддæр рыстæй, —
Лæджы æрсуры алы ран дæр фыд,
Нæ ФЫДЫ каст — Медузæйы рæхуыстау.

Хуыцæуттæ домынц фидыдады дзырд.
Нæй фервæзæн цагъайраджы рæхыстæй,
Уæлæрвты дæр нæ зондзыстæм рæвдыд?

Куют мечи из водосвятных чаш.
Все на потребу: крест и плащаница.
Христова кровь в продаже, как водица.
Невозмутим и нем Спаситель наш.

Воинственна толпа, вошедши в раж.
Но на Голгофу путь не повторится —
Падет на Рим возмездия десница
За святотатство, ханжество и блажь!

Здесь милость тягостней любой обузы.
Повсюду злые козни — дела нет,
И папский гнев страшней угроз Медузы.

Смиренья небо требует в ответ.
Порвем ли мы привычек рабских узы,
Чтоб искупления увидеть свет?

8

Quanto sare' men doglia il morir presto
che provar mille morte ad ora ad ora,
da ch'in cambio d'amarla, vuol ch'io mora!
Ahi, che doglia 'nfinita
sente 'l mio cor, quando li torna a mente
che quella ch'io tant'amo amor non sente!
Come restero 'n vita?
Anzi mi dice, per piu doglia darmi,
che se stessa non ama: e vero parmi.
Come posso sperar di me le dolga,
se se stessa non ama? Ahi trista sorte!
Che fia pur ver, ch'io ne trarro la morte?

8

Мæ удхæрттæн нæ уынын æз сæ кæрон.
Кæд уарзт мæныл дæр хинæй абон рацыд,
Цы ма хæссын мæ зæрдæ уæд зынг арцыл?
Ныккодта мыл дыууæ хатты зындон:
Кæй хуыз хастон æрдхæрæнау мæ уды, —
Мæ фæдыл уый сæрбæрзондæй ныххуды.
Зæрдæцæфæн мын бакой кодта ноджы,
Кæй никуы хъазыд уарзты монц йæ уæнджы.
Мæн чи суры йæ цурæй абон дарддæр,
Уый удыхос мæнæн куыд хъуамæ ратта?
О, ме ‘намонд! Цы ма у, цы, мæ цард та?!

Терзаниям моим конца не видно.
Зачем же сердце обрекать на пытку,
Когда любовь скупа и на улыбку?
Но мне вдвойне обидно:
Ведь та, к которой я прилип душою,
Безжалостно смеется надо мною.
Чтоб пуще досадить, она призналась,
Что страстью никогда не загоралась.
И от нее ль, коль гонит, отвергая,
Ждать сострадания? О доля злая!
Надежды нет. Зачем мне жизнь такая?

9

La fama tiene gli epitaffi a giacere;
non va ne inanzi ne indietro, perche son morti,
e el loro operare e fermo.

9

Нæу эпитафи мур æххуыс дæр кадæн —
Æппарæн — нæй, нæдæр æм ис æфтауæн:
Мæлæт æвæры алцæуыл ыстъæлф!

Напрасны эпитафии для славы —
К ней нечего прибавить иль убавить:
Со смертью всем деяниям конец.

10

El Di e la Notte parlano, e dicono:
Noi abbiano col nostro veloce corso condotto
alla morte el duca Giuliano; e ben giusto
che e' ne facci vendetta come fa.
E la vendetta e questa: che avendo noi
morto lui, lui cosi morto ha tolta la luce a noi
e cogli occhi chiusi ha serrato e' nostri,
che non risplendon piu sopra la terra.
Che arrebbe di noi dunche fatto, mentre vivea?

10

Фæкæны Æхсæв Бонимæ ныхас:
— Кæд æмæ ныр нæ иугæндзон тъæбæрттæй
Мах герцог Джулианойы ныммардтам,
Уæд махæй уый дæр исдзæни йæ маст.
Кæд æй мæлæт æгæр раджы ыссардта,
Уæд сæфдзыстæм æнусбонтæм йæ фæндæй,
Æрмынæг уыдзæн а зæххыл нæ фæд.
Цы уыдаид, куы ма цардаид, уæд?

Ведут в тиши беседу Ночь со Днем:
— Поскольку нашим бегом быстротечным
Мы погубили герцога Джульяно,
О мести мысль уже созрела в нем.
Коль скоро смерть его скосила рано,
Он покарает нас с тобой навечно,
Чтоб не сиять нам боле над землей.
Что с нами стало бы, будь он живой?

11

Crudele, acerbo e dispietato core,
vestito di dolcezza e d'amar pieno,
tuo fede al tempo nasce, e dura meno
c'al dolce verno non fa ciascun fiore.
Muovesi 'l tempo, e compartisce l'ore
al viver nostr'un pessimo veneno;
lu' come falce e no' sian come fieno,
. . . . . .
La fede e corta e la belta non dura,
ma di par seco par che si consumi,
come 'l peccato tuo vuol de' mie danni.
. . . . . .
. . . . . .
sempre fra noi fare' con tutti gli anni.

11

Мæ зæрдæ, о, уынгæджы дæ фæдæн:
Дæ цин хæсгæ, æмбæхсыс сайды уаргъ.
Дæ лæвæрттæн та — мигъвæлмау сæ аргъ, —
Æхцондзинад нæ ныууадзынц лæгæн.

Сахаты фат — йæ барæн рæстæгæн,
Нæй, а царды нын ницы у зынаргъ,
Æркæрдынц азтæ, хус хæмпæлау, мах,
.....

Рæсугъд дæр у, рæстæууæнкау, фæлывд,
Уый никæд ничи бахиздзæн фыдæхæй,
Гъестæй дзы ничи бахъахъхъæндзæн хал дæр.

.....
.....
Стæм иууылдæр мах рæстæджы цагъартæ.

О сердце, как истерзан я тобой!
Ты даришь нежность, дабы скрыть обман.
Твои посулы тают, как туман,
Быстрей, чем отцветет земля весной.

Гонимо время на часах стрелой.
Вся наша жизнь не боле, чем дурман,
И годы косят всех нас, как бурьян.
.....

Изменчива, как верность, красота —
Ничто не оградит от увяданья.
Потуги уберечь ее напрасны.

.....
.....
И бегу времени мы все подвластны.

12

Mille rimedi invan l'anima tenta;
poi ch'i' fu' preso alla prestina strada,
di ritornare endarno s'argomenta.
Il mare e 'l monte e 'l foco colla spada:
in mezzo a questi tutti insieme vivo.
Al monte non mi lascia chi m'ha privo
dell'intelletto e tolto la ragione.

12

Нæй, нал ис хосгæнæг мæ уды низæн,
Æз равзæрстон мæхæдæг ацы над,
Цæмæй кæронмæ хатон уды риссаг.
Æгæрон денджыз, хæхтæ, арт, стæй кард
Уыдзысты ме ‘рдхæрдтæ ныræй фæстæмæ,
Фыццаджы цин мæм нал цæуы хæстæгмæ,
Мæ зонд дæр мæ — фырадæргæй — фæдард.

Душе моей не будет исцеленья,
И отреченья путь я сам избрал,
Чтоб пожинать сполна плоды забвенья.
Огонь и море, горы и кинжал —
Вот сотоварищи мои отныне.
Былого вдохновенья нет в помине,
И даже разум недругом мне стал.

13

I' fu', gia son molt'anni, mille volte
ferito e morto, non che vinto e stanco
da te, mie colpa; e or col capo bianco
riprendero le tuo promesse stolte?
Quante volte ha' legate e quante sciolte
le triste membra, e si spronato il fianco,
c'appena posso ritornar meco, anco
bagnando il petto con lacrime molte!
Di te mi dolgo, Amor, con teco parlo,
sciolto da' tuo lusinghi: a che bisogna
prender l'arco crudel, tirare a voto?
Al legno incenerato sega o tarlo,
o dietro a un correndo, e gran vergogna
c'ha perso e ferma ogni destrezza e moto.

13

Мæ ивгъуыд цард адджын фыныл нæ барын,
Уыдтон мæлæт дæр, кодта мын тæрхон.
Фæхалас дæн, фæлæ мæ уд — æвзонг,
Мæ аххос нæу, мæ зæрдæ дыл кæй дарын.

Уæззау цæфтæ мыл ихуарæгау уарыд, —
Куыд-иу рыстæн, куыд нал-иу уыд мæ бон!
Куы сæ ‘рымысын — фесты цард зындон,
Мæ риу ныхъхъæрзы, цæстысыг нызгъалын.

Амур, хæссын мæ хъыг æмæ мæ зын.
Мæн ницуал уырны — зæрдæ маст фæрсудзы.
Цæмæн ма æхсыс афтид мысан, цæй?!

Æмбыд бутъройæ нал рантысы зынг,
Афтид зæрдæ мысинæгтæй нæ судзы, —
Æздæхæн та æвзонджы бонтæм нæй.

Былую жизнь я не назвал бы сладкой.
Со смертью знался и бывал казнен;
Весь поседел, но дух мой не пленен.
Моя ль вина, что верю я с оглядкой?

Как корчился я, сжатый мертвой хваткой,
Удары сыпались со всех сторон.
Лишь вспомню, сердце испускает стон
И от обиды слезы лью украдкой.

Амур, я полон боли и обид.
Изверился — напрасны обещанья.
Зачем пустую цель разить стрелой?

Гнилая древесина не горит,
И старца не зажгут воспоминанья —
Он не вернется к юности былой.

14

I' fe' degli occhi porta al mie veneno,
quand' el passo dier libero a' fier dardi;
nido e ricetto fe' de' dolci sguardi
della memoria che ma' verra meno.
Ancudine fe' 'l cor, mantaco 'l seno
da fabricar sospir, con che tu m'ardi.

14

Мæ цæстытæй æз марджы хъæстæ нуазын,
Мæ мысинæгтæн райхæлдтон сæ ком,
Æрттигъ фæттæн мæ зæрдæсæр у гом,
Мæ риу, куырдадзау, пиллон цæхæр уадзы.
Мæ удрæбын та цин фырцинæй хъазы, —
Нырма дæр у æвæлмон уд куыстхъом.

Через глаза я наполняюсь ядом,
В копилку вздохов память превратил
И острым стрелам душу обнажил.
В груди, как в кузнице, все пышет адом,
И в сердце так и бьют удары градом.
Кузнец удалый преисполнен сил.

15

Quand'il servo il signor d'aspra catena
senz'altra speme in carcer tien legato,
volge in tal uso el suo misero stato,
che liberta domanderebbe appena.
E el tigre e 'l serpe ancor l'uso raffrena,
e 'l fier leon ne' folti boschi nato;
e 'l nuovo artista, all'opre affaticato,
coll'uso del sudor doppia suo lena.
Ma 'l foco a tal figura non s'unisce;
che se l'umor d'un verde legno estinge,
il freddo vecchio scalda e po' 'l nutrisce,
e tanto il torna in verde etate e spinge,
rinnuova e 'nfiamma, allegra e 'ngiovanisce,
c'amor col fiato l'alma e 'l cor gli cinge.
E se motteggia o finge,
chi dice in vecchia etate esser vergogna
amar cosa divina, e gran menzogna.
L'anima che non sogna,
non pecca amar le cose di natura,
usando peso, termine e misura.

15

Цагъайрагæн нæ ныббарстай йæ азым, —
Æгоммæгæс кæй уыд — æрцыди хаст.
Йæ цæстыты — фæсмоны сабыр тас:
Æрчырыстон, — йæ хъысмæтæн фæразы.
Рæхысбаст ку' уа домбай, уæд дзы ис хъазæн,
Уа кобрæ, стай — нæ сæ ис ахстæй тас.
Бæрзонд аивад уый бамбардзæн раст,
Кæмæ ис ныфс, стæй чи зоны фæразын.
Зынгæн нæ кæны уыцы хорзæх фаг,
Æвзонг удтæм йæ судзагæй æххæссы,
Фæлæ мæ хуызæн хус къодахæн та
Йæ уазал риумæ тафсы хос æрхæссы.
Цыма та уалдзæг их-фæзгъæр æртад, —
Йæ уидаг та цъæхбын сыфтæр ысхæссы.
Æрмæстдæр уæд æдылымæ фæкæсы:
Зæронды цард фæци, йæ туг æруазал.
Ау, монцтæ зонын фидиссагæн баззад?
.....

Утратил раб надежду на прощенье,
За ослушанье сидя в кандалах.
Покорность узника в его глазах —
Смирившись, он не жаждет вызволенья.
В неволе лев — само повиновенье.
И тигр иль кобра не внушают страх.
В искусстве толк, как и в других делах,
Познает тот, кто обретет терпенье.
Вот уж чего недостает огню,
Который болью юность поучает,
Но старому, как я, сухому пню
Он сердце хладное отогревает.
И будто вешнему послушна дню
Коряга вдруг листвою обрастает.
Глупец лишь утверждает,
Что старость отжила свой век и вздорна.
Да разве знаться с чувствами зазорно?
.....

16

Quand'avvien c'alcun legno non difenda
il propio umor fuor del terreste loco,
non puo far c'al gran caldo assai o poco
non si secchi o non s'arda o non s'accenda.
Cosi 'l cor, tolto da chi mai mel renda,
vissuto in pianto e nutrito di foco,
or ch'e fuor del suo propio albergo e loco,
qual mal fie che per morte non l'offenda?

16

Бæлас æд уидæгтæ куы стонай зæххы арфæй,
Уæд бахус вæййы, нал дзы вæййы цард:
Цы фæхонæм йæ къабузтæ, йæ кад,
Уый уад ныддымы дун-дунейы тарфмæ.

Куы схауа зæрдæ иугæр риуы арфæй, —
Фæркгай фæхаудзæн уадидæгæн дард:
О, уымæн дæр цæрдхос у уды арт,
Раст бæласæн зæххы сой куыд у, афтæ.

Коль вырвать древо из земли с корнями,
Оно увянет — жизнь заглохнет в нем.
А то, что было кроной и стволом,
Истлеет и развеется ветрами.

И сердце вырвав из груди руками,
Его убьем разлукой с очагом.
Оно питаемо души огнем,
Как дерево — земными родниками.

17

Fuggite, amanti, Amor, fuggite 'l foco;
l'incendio e aspro e la piaga e mortale,
c'oltr'a l'impeto primo piu non vale
ne forza ne ragion ne mutar loco.
Fuggite, or che l'esemplo non e poco
d'un fiero braccio e d'un acuto strale;
leggete in me, qual sara 'l vostro male,
qual sara l'impio e dispietato gioco.
Fuggite, e non tardate, al primo sguardo:
ch'i' pensa' d'ogni tempo avere accordo;
or sento, e voi vedete, com'io ardo.

17

Æвзонг ма чи у, сурут уарзт уæхицæй!
Тæссаг æмæ мæлæтдзаг у йæ арт.
Æмхуызон тых сын зондимæ нæ рард
Æмæ йæ хызæй ничердæм ис лидзæн.

Уæхи дзы хизут! Мæнæ æз — æвдисæн:
Йæ нысанæй нæ ивгъуыйы йæ фат,
Йæ фаты ныхмæ ничи ссардта уарт
Æмæ йæ карзæй алчи дæр фæриссы.

О, уарзты артмæ ма цæут хæстæг!
Æз фервæзынмæ хъавыдтæн йæ карзæй,
Фæлæ мæ цин æгæр раджы фæмæнг.

Бегите прочь, юнцы, от искушенья!
Огонь опасен и смертельно жжет.
В согласии с ним разум не живет,
И от сетей коварных нет спасенья.

Бегите от любви без промедленья!
Стрела без промаха по цели бьет.
Влюбленных участь — знаю наперед —
Стать жертвой злой игры и наважденья.

Бегите от любовного огня!
Глупец, я тщился сохранить свободу,
А ныне весь горю, судьбу кляня.

18

Ogn'ira, ogni miseria e ogni forza,
chi d'amor s'arma vince ogni fortuna.

18

Цыфæнды маст, фыдæх æмæ фыддзинад
Фæсурдзыстæм нæ судзгæ уарзты руаджы.

Напасть любую, гнев и злую силу
Мы одолеем с помощью любви.

19

Vivo al peccato, a me morendo vivo;
vita gia mia non son, ma del peccato:
mie ben dal ciel, mie mal da me m'e dato,
dal mie sciolto voler, di ch'io son privo.
Serva mie liberta, mortal mie divo
a me s'e fatto. O infelice stato!
a che miseria, a che viver son nato!

19

Тæригъæдты цæрын, цæуын мæлæтмæ.
Уæлæрвтæй — уарзт, мæ мондæгтæй та — маст.
Фæкодтой мæ æлгъаг митæ уæнгсаст
Æмæ хъæрзын фырадæргæй, фырмæтæй.

Мæ сæрибар, фæсдзæуинау, йæ мæстæй
Ног азылдис, æрцард мæ риуы тас.
Фæзындтæн дунемæ, цæмæй уон тарыл баст?

Грешно живу, погибель приближая.
Добро от неба, зло — в моих страстях.
Утратив волю, я погряз в грехах
И только им принадлежу, страдая.

Моя свобода, как служанка злая,
Вновь отвернулась. Мною движет страх.
Ужель рожден я, чтобы жить впотьмах?

20

La vita del mie amor non e 'l cor mio,
c'amor di quel ch'i' t'amo e senza core;
dov'e cosa mortal, piena d'errore,
esser non puo gia ma', ne pensier rio.
Amor nel dipartir l'alma da Dio
me fe' san occhio e te luc' e splendore;
ne puo non rivederlo in quel che more
di te, per nostro mal, mie gran desio.
Come dal foco el caldo, esser diviso
non puo dal bell'etterno ogni mie stima,
ch'exalta, ond'ella vien, chi piu 'l somiglia.
Poi che negli occhi ha' tutto 'l paradiso,
per ritornar la dov'i' t'ama' prima,
ricorro ardendo sott'alle tuo ciglia.

20

Мæ уарзт мæ зæрдæйы æвджид нæ уыд, —
Нæ баууæндыдтæн зæрдæйыл мæ сæнттæ,
Фæливæг у — кæны æдзух æфсæнттæ,
Йæ монцтæ йын ыскарз кæны дæ уынд.

Куы бауагъта Хуыцау зæххонты уд,
Цæстырухс радта мын, дæуæн — тæмæнтæ,
Æнæхатыр — дæ цæстыты цæхæртæ, —
Уæвгæ зæххыл æнусон ницы у.

Арт хъармимæ куыд фæкæны æнгомдæр,
Æрвон æмæ рæсугъд сты афтæ кæд,
Уыдзæн æнусон уæд хæдхуызы гуырæн.

Рæсугъды хин-кæлæнтæн нæй кæрон дæр,
Æууæндын æз: уæд фендзынæн дзæнæт,
Дæ цæстыты куы уа æрвон рухс суынæн.

Любовь живет вне сердца, но со мной,
И не от сердца ей мое признанье.
Ведь ретивое — вздорное созданье,
И с ним смятенье в чувствах — не покой.

Господь нас, смертных, одарив душой,
Мне зоркость зренья дал, тебе — блистанье.
Пленительно твое очарованье,
Хотя ничто не вечно под луной.

Как пламя и тепло нерасторжимы,
Божественность прекрасному сродни,
И вечность ожидает совершенство.

О, чары красоты неодолимы!
Я верю: райские наступят дни,
Когда в твоих очах узрю блаженство.

21

Oltre qui fu, dove 'l mie amor mi tolse,
suo merce, il core e vie piu la la vita;
qui co' begli occhi mi promisse aita,
e co' medesmi qui tor me la volse.
Quinci oltre mi lego, quivi mi sciolse;
per me qui piansi, e con doglia infinita
da questo sasso vidi far partita
colui c'a me mi tolse e non mi volse.

21

Мæ удылхæцæг — карз æмæ хæдбар,
Мæ рухс фæндтæ мын базыдта Уый сурын,
Мæ цин, фыццагау, цингæнгæ нæ дзурын, —
Фæхаста йæ мæ зæрдæйы æлдар.

Æз ивгъуыд бонтæн басгуыхтæн цагъар...
Мæ уды рыст æвæрын дойнаг дуры.
Мæ удлæууæн кæд нал амбæлы хурыл,
Уæддæр ма æз æрвитын ам мæ цард.

Мной правит рок — жестокий властелин,
И он нарушил все мои надежды.
Нет, не гореть мне радостью, как прежде,
Ее унес с собой мой господин.

Остался я рабом лихих годин...
Боль в камень облекаю, как в одежды.
Ушел кумир, закрыв навеки вежды,
А я покуда здесь скорблю один.

22

In me la morte, in te la vita mia;
tu distingui e concedi e parti el tempo;
quante vuo', breve e lungo e 'l viver mio.
Felice son nella tuo cortesia.
Beata l'alma, ove non corre tempo,
per te s'e fatta a contemplare Dio.

22

Мæлæт хæссын — ды дæ мæ уды рухс
Æмæ цыфæнды карз мæ хъысмæт ма уæд, —
Æхцон мын у, кæй мæм дарыс дæ хъус.

Тæхуды, чи 'ууæнды Хуыцауыл,
Йæ кары карзæй чи разыны буц,
Кæй нæ бакæны сау рæстæг йæ ауон.

Во мне хлад смерти — жизни свет в тебе.
И как бы ни был мой удел несчастен,
Я рад, что внемлешь ты моей мольбе.

Блажен, кто Богу всей душой причастен,
Не подчиняясь никакой судьбе,
Кто времени и тлену неподвластен.

23

Quanta dolcezza al cor per gli occhi porta
quel che 'n un punto el tempo e morte fura!
Che e questo pero che mi conforta
e negli affanni cresce e sempre dura.
Amor, come virtu viva e accorta,
desta gli spirti ed e piu degna cura.
Risponde a me: - Come persona morta
mena suo vita chi e da me sicura. -
Amore e un concetto di bellezza
immaginata o vista dentro al core,
amica di virtute e gentilezza.

23

Æнæнтау рæстæг риуы ссудзы арт,
Цыма фæсхъызт цъæх уалдзæг цин ысхойы!
Мæ монцты уылæн сагайы æмбойны, —
Ныррох мæ вæййы зæрдæйы æнкъард.

Нæй уарзтмондагæн азтæ, кæнæ кар:
Зæрондæй, ногæй — суадзынц дзы сæ дойны.
Амуры фæдзæхст никуы уыди койаг:
«Кæй нæй мæ хорзæх, уый зæххыл нæ цард.»

Рæсугъдмæ бæлдæн никуы уыди арæн:
Бæллын æм æз, зæрдæйæ йæм тындзын.
Рæстæууæнкау нæй уымæн дæр ысбарæн.

.....

О, дивная пора для всех сердец,
Как после стужи вешнее цветенье!
Я полон вновь истомы и волненья —
Мой скорбный дух воспрянул наконец.

Любви подвластны старец и юнец.
И в ней они находят утешенье.
Амура справедливо изреченье:
«Кто в жизни не знавал меня — мертвец».

Влеченье к красоте неодолимо.
О ней я грежу, сердцем к ней стремлюсь.
Она, как вера, непоколебима.

.....

24

Del fiero colpo e del pungente strale
la medicina era passarmi 'l core;
ma questo e propio sol del mie signore,
crescer la vita dove cresce 'l male.
E se 'l primo suo colpo fu mortale,
seco un messo di par venne d'Amore
che mi disse: - Ama, anz'ardi; che chi muore
non ha da gire al ciel nel mondo altr'ale.
I' son colui che ne' prim'anni tuoi
gli occhi tuo infermi volsi alla beltate
che dalla terra al ciel vivo conduce. -

24

Ирвæзæн мадзал агуырдтон зынг фæттæй,
Цæмæй мæ зæрдæ ма зона сæ рыст.
Мæ буц паддзах куы нæ уына мæ тыхст,
Уæд ын йæ цард æнцойдзинад нæ дæтты.

Ныккалдтон алвыдтæ æз дæр хъысмæтæн.
Куы фæдæн, куы, уæвгæ, мæлæтдзаг цæф:
Мæ мастыл мын, цыма, æркодта цæхх
Амур, æрдзырдта: «Бафæраз дæ мæтæн.

Ды дунемæ куы фæзындтæ, раст уæд
Дæу æз æрвон цæхæримæ ныббастон, —
Уæлæрвты сусæг зондзынæ йæ фæрцы».

.....

От острых стрел искал я исцеленье,
Чтоб сердце от ударов защитить.
Мой господин не может дня прожить
Без мук моих и шлет мне искушенья.

Смертельного не избежав раненья,
Я принялся судьбу свою корить.
Желая мне пилюлю подсластить,
Амур промолвил: «Наберись терпенья.

Едва ты при рожденье мир узрел,
Тебя я с высшей породнил красою,
И с ней при жизни ты познаешь небо».

.....

25

Quand'Amor lieto al ciel levarmi e volto
cogli occhi di costei, anzi col sole,
con breve riso cio che preme e dole
del cor mi caccia, e mettevi 'l suo volto;
e s'i' durassi in tale stato molto,
l'alma, che sol di me lagnar si vole,
avendo seco la dove star suole,
. . . . . .

25

Мæнмæ дæр уарзт рæдау куы вæййы хатт,
Куы вæййын хурау йе ‘нгасæй рæвдыд,
Уæд айрох кæнын царды æлгъаг цыд, —
Мæ бахудтæй мæ хъыг фæсурын дард.

Фæлæ мын уый æдзух куы кæнид кад, —
Нæ зонин уæд мæ хъуыдыты æндыгъд,
Уæд фениккат мæ базырты ныттыгъд.

.....

Когда порой любовь ко мне щедра,
Согретый ею, как дневным светилом,
Я забываю о житье постылом,
И грусть улыбка гонит со двора.

А будь она всегда ко мне добра,
Не предавался б мыслям я унылым,
И дух мой скорбный не был бы бескрылым.

.....

26

Spirto ben nato, in cu' si specchia e vede
nelle tuo belle membra oneste e care
quante natura e 'l ciel tra no' puo fare,
quand'a null'altra suo bell'opra cede:
spirto leggiadro, in cui si spera e crede
dentro, come di fuor nel viso appare,
amor, pieta, merce, cose si rare,
che ma' furn'in belta con tanta fede:
l'amor mi prende e la belta mi lega;
la pieta, la merce con dolci sguardi
ferma speranz' al cor par che ne doni.
Qual uso o qual governo al mondo niega,
qual crudelta per tempo o qual piu tardi,
c'a si bell'opra morte non perdoni?

26

Нæ кæны никæд уды цæхæр кайгæ!
Фæсудзы нын алæмæты цырагъ,
Æндæр рухсæн куы нæй йæ цуры аргъ,
Нæ зоны зæхх æндæр хуыздæры райгуырд.

Дæн дун-дунетæй алы хатт дæр райгонд,
Мæ дойны мын куы басæтты æртах,
Уæд мын вæййы уæлæрвты рухс зынаргъ, —
Ныррох кæнын мæ ивгъуыд бонты найгæнд.

Æфсарм, æгъдау æмæ йæ сусæг мæт
Ныссагътой мæн æнæвгъауæй сæ ныхтæ, —
Ныраей фæстæмæ Уый номæн цæрын.

Цымæ уыдзæни афтæ дæр: хъысмæт,
Кæнæ та низ, кæнæ æгъатыр тыхтæ
Æвæлмон удыл бафтаудзысты рын?

Благословенно духа отраженье!
Он поражает редкой глубиной,
И лик сияет новой красотой —
Земля не знает равного творенья.

Все в мире для меня как откровенье,
Едва я жажду утолил росой
И подружился с негой неземной,
Забыв свои былые огорченья.

А кротость, нежность и в очах мольба
Вселяют веру — красота пленила.
Отныне только ею буду жить!

Ужели может статься, что судьба,
Хвороба тяжкая иль злая сила
Способны совершенство загубить?

27

Dimmi di grazia, Amor, se gli occhi mei
veggono 'l ver della belta c'aspiro,
o s'io l'ho dentro allor che, dov'io miro,
veggio scolpito el viso di costei.
Tu 'l de' saper, po' che tu vien con lei
a torm'ogni mie pace, ond'io m'adiro;
ne vorre' manco un minimo sospiro,
ne men ardente foco chiederei.
– La belta che tu vedi e ben da quella,
ma cresce poi c'a miglior loco sale,
se per gli occhi mortali all'alma corre.
Quivi si fa divina, onesta e bella,
com'a se simil vuol cosa immortale:
questa e non quella agli occhi tuo precorre. –

27

— Зæгъ-ма, Амур, мæ сæнтты буц рæсугъды
Ысуыдта уый æппынфæстаг мæ цæст,
Æви, мыййаг, фæдсайынæн æрмæст
Æбæрæг сурæт равзæрста мæ хъуыды?

Нæ йæ зоныс?! Уæ дыууæйы рæвдыдæй
Фæдæн æгъуыссæг. Уадз! Фæлæ æмбæхст
Фæлмæн фæхудт рæвдауын. У æфсæст
Мæ уд цæхæрæй, — баззайа æвыдæй.

— Æцæг рæсугъд дæ цуры ис дæуæн,
Æрмæст йæ цæхæр анхъæвзы уæд дардыл,
Куы йæ суына дæ цæсты фæрцы уд.

Уым райсы уый æрвон рухсы кæлæн,
Йæхи фæхъары сфæлдисæджы кадыл, —
Гъе, уымæй у дæ цæстæнгас рæвдыд.

— Скажи, Амур, в чем сущность красоты?
К ней устремлен я сердцем — нет с ним сладу.
Ужель в самом себе искать отраду
И в грубом камне воплощать мечты?

Зачем коварно искушаешь ты
И помыслам моим чинишь преграду?
За верность и за тяжкий труд в награду
Дозволь живые лицезреть черты.

— Знай, ты пленен особой красотой,
К которой устремлен любой творец,
Мечтая высшее постичь блаженство.

Она сравнима с раннею весной,
И в ней душа нашла свой образец.
Познав ее, познаешь совершенство.

28

La ragion meco si lamenta e dole,
parte ch'i' spero amando esser felice;
con forti esempli e con vere parole
la mie vergogna mi rammenta e dice:
- Che ne riportera' dal vivo sole
altro che morte? e non come fenice. -
Ma poco giova, che chi cader vuole,
non basta l'altru' man pront' e vittrice.
I' conosco e' mie danni, e 'l vero intendo;
dall'altra banda albergo un altro core,
che piu m'uccide dove piu m'arrendo.
In mezzo di duo mort' e 'l mie signore:
questa non voglio e questa non comprendo:
cosi sospeso, el corpo e l'alma muore.

28

Кæуы, дзыназы адæргæй мæ зонд,
Куыд хъавыдтæн мæхи дæ уарзтмæ тавын!
Сыгъдæг бæллицты арфæйаг бæрзонд
Мæн худинагæй бахизынмæ хъавы.

«Цæхæрæй райсдзæн Феникс-маргъ йæ конд,
Æппæт иннæтæн æрдз бынысæфт уафы».
Цы зæгъон æз: мæ тæрныхыл нывгонд
Кæйдæр къухæй ныссæрфынмæ нæ хъавын.

Уæлвонг монцтæн æз райхалин сæ хин,
Фæлæ йæ уаг мæ мидзæрдæ нæ ивы,
Нæ рох кæны æрдхæрæн уарзты рындз.

Дыууæ мæлæтæн кувæг у мæ цин:
Сæ иу у карз, сæ иннæ мæ фæливы
Æмæ фæллайын, тайын, руайын æз.

Покамест я витаю в облаках,
От красоты не отрывая взора,
Мечты мой разум развевает в прах,
Предостеречь желая от позора.

«Воскреснет только Феникс на углях,
А остальные сгинут без разбора».
Но я к советам глух, забыв про страх,
И заглушаю всякий глас укора.

Видать, сносить лишенья — мой удел,
Хоть сердце разрывается на части
И я от бед житейских поседел.

Давно меня преследуют напасти,
И все же мысль о смерти я презрел —
Живу, покуда не сгорю от страсти.

29

Mentre c'alla belta ch'i' vidi in prima
appresso l'alma, che per gli occhi vede,
l'immagin dentro cresce, e quella cede
quasi vilmente e senza alcuna stima.
Amor, c'adopra ogni suo ingegno e lima,
perch'io non tronchi 'l fil ritorna e riede.

29

Мæ курдиат — æрвон рæсугъдыл баст,
Мæ райгуырдæй мæ риуы уый æрцарди,
Мæ удæн æй уæлдай хорзæхæн рарди.
Ныр мæнæ хурхæй мары мæн йæ маст.

Зæххон дзæнæт мын кæд нывæнды уарзт,
Уæддæр мæ тыхстæй сисин къух мæ цардыл.

Мой гений дружен с высшей красотой.
Она меня с рожденья уязвила
И душу целиком заполонила —
Вот и мечусь, охваченный тоской.

Хоть посулил Амур мне рай земной,
Порвал бы жизни нить — все так постыло.

30

Se 'l mie rozzo martello i duri sassi
forma d'uman aspetto or questo or quello,
dal ministro che 'l guida, iscorge e tiello,
prendendo il moto, va con gli altrui passi.
Ma quel divin che in cielo alberga e stassi,
altri, e se piu, col propio andar fa bello;
e se nessun martel senza martello
si puo far, da quel vivo ogni altro fassi.
E perche 'l colpo e di valor piu pieno
quant'alza piu se stesso alla fucina,
sopra 'l mie questo al ciel n'e gito a volo.
Onde a me non finito verra meno,
s'or non gli da la fabbrica divina
aiuto a farlo, c'al mondo era solo.



30

Куы мæ ‘рфæнды мæ хъуыдыты фæдисы
Æгомыг дуры бавæрын мæ мæт, —
Дзæбуджы фæрцы разыны мæ фæнд,
Мæ курдиат вæййы мæ цæф-æвдисæн.

Æвæццæгæн, кæддæр-кæддæр фæлдисæг
Куы ‘вæрдта ацы рухс дунейæн фæтк,
Цæхæркал дзæбуг иста афтæ уæд
Æмæ ма нæ ныр дæр æфтауы дисы.

Уæлæрвтæм цас бæрзонддæр исын æз
Æвзыгъд къухæй мæ уæззау дзæбуг, уас
Мæ хъуыдытæ æххæстдæрæй нывæндын.

Зæрдæвæндон уæд разыны мæ куыст,
Уæлæрвтимæ куы вæййын удæй баст,
Куы разынын дзæбуг Хуыцауы къухы.

Когда во власти смелых устремлений
Берусь я в камне воплотить черты
И молотом осуществить мечты,
Ударом мощным властно правит гений.

Но есть иной властитель побуждений
Недосягаемой нам высоты —
Великий прародитель красоты
И несравненных на земле творений.

Чем выше я вздымаю к небесам
Тяжелый молот ловкою рукой,
Тем больше в изваянье вдохновенья.

Но замечаю, как моим делам
Недостает величия порой:
Знать, высшего лишен я разуменья.

31

Quand'el ministro de' sospir mie tanti
al mondo, agli occhi mei, a se si tolse,
natura, che fra noi degnar lo volse,
resto in vergogna, e chi lo vide in pianti.
Ma non come degli altri oggi si vanti
del sol del sol, c'allor ci spense e tolse,
morte, c'amor ne vinse, e farlo il tolse
in terra vivo e 'n ciel fra gli altri santi.
Cosi credette morte iniqua e rea
finir il suon delle virtute sparte,
e l'alma, che men bella esser potea.
Contrari effetti alluminan le carte
di vita piu che 'n vita non solea,
e morto ha 'l ciel, c'allor non avea parte.

31

Мæ бæллицтæ цыренгæнæг чи разынд,
Æнусбонтæм мæ цурæй уый фæцыд.
Лæваргонд махæн уый цы æрдзæй уыд, —
Æфсæрмæй судзы. Мах кæуæм, дзыназæм.

Фæлæ мæлæт дæр афтæ карз нæ разынд:
Мæ хурты хурæн н' ахаста йæ тын, —
У уарзт тыхджын — йæ тыхтæ нын дæтты:
Зæрдæйæн — цард, уæлæрвтæ — уды хъазтæн.

Фыдохы скарзæн хъавыд кæд мæлæт
Ныллыг кæнын йæ бæрзонд цинты азæлд,
Цæмæй мыггагмæ фесæфа йæ фæд,

Уæд дзæгъæлы! Æрвон фыстыты разынд,
Йæ цардæй йын фылдæр кæй уыд лæвæрд, —
Хуыцæутты цур сыгъдæгудæй кæй хъазы.

Ушел властитель всех моих желаний.
Посрамлена природа на сей раз —
Достоинствами был он выше нас,
И потому нам не унять рыданий.

Злодейству нет отныне оправданий.
Напрасно смерть ликует в скорбный час
Всевышний праведную душу спас:
Призвав к Себе, избавил от страданий.

Хотя его натуры честной суть
Так тщится опорочить злая сила,
Желая разом все перечеркнуть,

Чтоб имя доброе молва чернила,
Нам памятен проделанный им путь,
И вечной славе не страшна могила.

32

Se l'immortal desio, c'alza e corregge
gli altrui pensier, traessi e' mie di fore,
forse c'ancor nella casa d'Amore
farie pietoso chi spietato regge.
Ma perche l'alma per divina legge
ha lunga vita, e 'l corpo in breve muore,
non puo 'l senso suo lode o suo valore
appien descriver quel c'appien non legge.
Dunche, oilme! come sara udita
la casta voglia che 'l cor dentro incende
da chi sempre se stesso in altrui vede?
La mie cara giornata m'e impedita
col mie signor c'alle menzogne attende,
c'a dire il ver, bugiardo e chi nol crede.

32

Ræсугъддзинады фарнæн искæд бон
Хæрзхъуыддæгтæ куы саразин мæ рады,
Уæд, чи зоны, кæмæ у тыхст нымады, —
Мæнмæ фæхудид мидбылты æргом.

Мæ бæллицтæ фыццагау сты æрвон,
Фæлæ мыл, цыма, удхор пъæззы бады, —
Мæ рыст уæнгтæн сæ фырфæллад æз хатын.
Уæлæрвтæм бæллын никуы уыд æнцон.

Сæ дам-думтæн фæуæд æрмæст æфсæнттæ, —
Нæ зондджынтæм куыд бахъардзæн ныхас,
Кæд алкæй дæр сæхи барæнтыл барынц?!

Нæ базыдтон æмбæхсын æз мæ фæндтæ,
Хæлæгæймард нæ вæййы никуы раст.
Мæ хæлар дæр кæй рæдийы — æмбарын.

О, если бы бессмертье красоты
Я мог делами выразить хоть малость,
Возможно, тот, кому не чужда жалость,
Впустил бы в храм любви и доброты.

Как прежде, помыслы мои чисты,
Но тягостна и непривычна вялость,
И бренной плоти чувствую усталость.
Мучительны о вечности мечты!

Столь нетерпимые всегда в сужденьях,
Поймут ли наши умники слова,
Всех подгоняя под свою же мерку?

Мне незачем таиться в устремленьях,
И заблуждается, глумясь, молва.
Не прав мой друг, как вышло на поверку.

33

S'un casto amor, s'una pieta superna,
s'una fortuna infra dua amanti equale,
s'un'aspra sorte all'un dell'altro cale,
s'un spirto, s'un voler duo cor governa;
s'un'anima in duo corpi e fatta etterna,
ambo levando al cielo e con pari ale;
s'amor d'un colpo e d'un dorato strale
le viscer di duo petti arda e discerna;
s'amar l'un l'altro e nessun se medesmo,
d'un gusto e d'un diletto, a tal mercede
c'a un fin voglia l'uno e l'altro porre:
se mille e mille, non sarien centesmo
a tal nodo d'amore, e tanta fede;
e sol l'isdegno il puo rompere e sciorre.

33

Куы вæййы уарзт æрвон æмæ сыгъдæг,
Куы разынынц дыууæ зæрдæйы бастау,
Куы ныббыхсынц сæ хъизæмайраг мастæн,
Куы нæ вæййы сæ миты мисхал мæнг,

Бæрзондæй уæд æппæт хæрзтæ уынæг —
АМУР — ныццæвы уарзæтты йæ фатæй,
Цæмæй сæ дыууæйæн, æнустæм хастæй,
Уæлæрвты уа сыгъдæг бынат бæрæг.

Кæд с' алчи дæр æгæрон уарзтæй уарзы,
Кæд иу фæндæй æрцæуынц фидар баст,
Кæд сæ æдзухæй иу бæллиц рæвдауы,

Уæд ахæм уарзаг рухс зæрдæты разы
Æндæр хæрзтæн æрбайсæфы сæ хъазт
Æмæ ма сæ уæд чи бауæнды фауын!

Когда любовь взаимна и чиста,
Когда сердца живут одной судьбою,
Когда влекомы к буре иль покою,
Когда согласны верные уста,

Тогда веленьем высшего перста
Амур сразит возлюбленных стрелою,
Чтоб оба с окрыленною душою
Навек вошли в небесные врата.

Коль каждый любит до самозабвенья
И бескорыстен их любви союз,
Коль общей целью и мечтой согреты,

Все суетное блекнет от сравненья
С нерасторжимостью сердечных уз,
Хотя страшны бывают и наветы.

34

Tu sa' ch'i' so, signor mie, che tu sai
ch'i vengo per goderti piu da presso,
e sai ch'i' so che tu sa' ch'i' son desso:
a che piu indugio a salutarci omai?
Se vera e la speranza che mi dai,
se vero e 'l gran desio che m'e concesso,
rompasi il mur fra l'uno e l'altra messo,
che doppia forza hann'i celati guai.
S'i' amo sol di te, signor mie caro,
quel che di te piu ami, non ti sdegni,
che l'un dell'altro spirto s'innamora.
Quel che nel tuo bel volto bramo e 'mparo,
e mal compres' e dagli umani ingegni,
chi 'l vuol saper convien che prima mora.

34

Æппæт дæр зоныс ды, мæ паддзах. Зоныс,
Цавæр рæуцинæй у мæ зæрдæ дзаг,
Дæу фенгæйæ куыд хорз вæййы мæ уаг, —
Уæд мын дæхи æцæгæлон цы хоныс?

Дæттыс мæ удæн кæд æууæнчы хъомыс,
Хæстæг цинæй мæ кæд рæвдауыс фаг,
Уæд дæлдзæх уæд фыдæхдзинады таг!
Мæ уд ма мын æбæрæгæй цы ‘взоныс?!

Мæ хорз хæлар, гъе, стæй, мæ буц паддзах,
Дæуæй æз бирæ хорзæхтæ æнхъæлæй
Дæ зæрдæйы уынын Хуыцауы зынг.

Дæ уды рæсугъдæн фæкæнын аргъ,
Æндæрты ногæй райгуырын куы хъæуы,
Цæмæй æцæгæй бамбарой мæ зын.

Ты знаешь все, мой господин. Ты знаешь,
Какой отрадою душа полна
И как вблизи тебя она вольна.
Так отчего же встречи избегаешь?

Раз впрямь надеждой сердце одаряешь
И радость скорая мне суждена,
Пусть рухнет отчужденности стена!
Безвестностью вдвойне меня терзаешь.

Бесценный друг и повелитель мой,
Люблю в тебе готовность всем делиться
И в сердце искру Божию огня.

Духовной я пленяюсь красотой.
Толпе бы надо сызнова родиться,
Чтоб по достоинству понять меня.

35

S'i' avessi creduto al primo sguardo
di quest'alma fenice al caldo sole
rinnovarmi per foco, come suole
nell'ultima vecchiezza, ond'io tutt'ardo,
qual piu veloce cervio o lince o pardo
segue 'l suo bene e fugge quel che dole,
agli atti, al riso, all'oneste parole
sarie cors'anzi, ond'or son presto e tardo.
Ma perche piu dolermi, po' ch'i' veggio
negli occhi di quest'angel lieto e solo
mie pace, mie riposo e mie salute?
Forse che prima sarie stato il peggio
vederlo, udirlo, s'or di pari a volo
seco m'impenna a seguir suo virtute.

35

Мæн Феникс-маргъ куы уыдаид хæстæгæн,
Уæд хурырдæм ысходтаин мæ тахт,
Мæ уæнгтæ уæд æрцыдаиккой цагъд,
Æрзылдтаин уæд царды цалх фæстæмæ.

Мысан уæвынæй алкæд дæр тæрсгæ у:
Сæгуыт уа, тигыр — хъæдмæ лидзынц тагъд,
Куы айхъусынц егар-гаццайы загъд...
Мæ азты уæз мæнæн, уæууæй, хæсгæ у.

Фæлæ нæ тыхсын, стæй цы кæнон хъаст? —
Мæ цæрæнуат æнæнхъæлæй куы ныррухс,
Куы мын хæссы фæлмæн æрттывд мæ зæд.

Мыййаг мæм кæд фыддæр фыдбæллæх каст?
Ныр афтæмæй куы у мæ зæрдæ буц, —
Æнцой ыссардтон æмæ ‘рцард мæ фæнд.

О, если б с Фениксом мне породниться,
Я б к солнцу устремился в небеса
И сжег бы старческие телеса,
Заставив жизнь назад листать страницы.

Мишенью стать любая тварь боится —
И тигр, и рысь, и лань бегут в леса,
Охотников услышав голоса...
А мне, увы, от лет своих не скрыться.

Но я не сетую: зачем роптать,
Когда обитель озарилась светом
И мир приносит добрый ангел мой.

Куда бы хуже быть могло, как знать?
Согретый ныне ласковым приветом,
Обрел я вновь здоровье и покой.

36

Sol pur col foco il fabbro il ferro stende
al concetto suo caro e bel lavoro,
ne senza foco alcuno artista l'oro
al sommo grado suo raffina e rende;
ne l'unica fenice se riprende
se non prim'arsa; ond'io, s'ardendo moro,
spero piu chiar resurger tra coloro
che morte accresce e 'l tempo non offende.
Del foco, di ch'i' parlo, ho gran ventura
c'ancor per rinnovarmi abbi in me loco,
sendo gia quasi nel numer de' morti.
O ver, s'al cielo ascende per natura,
al suo elemento, e ch'io converso in foco
sie, come fie che seco non mi porti?

36

Зынджы руаджы æндоны тых ныссæтты
Æцæг дæсны, куы базоны йæ куыст.
Æндон куы уа зынг-цæхæры æхсыст, —
Æрмдæсны йæ йæ сæнттыл уæд ныббæтты.

Цæхæркал артæн Феникс-маргъ нæ сæтты.
Нæ кæрон та фæныкау у æгъуыз.
Куы нæ уа риуы зынг, уæд мард дæн æз,
Фæлæ мæ уæгъды судзын дæр нæ фæнды.

Дæн амондджын — мæ уд зынгимæ баст, —
Æхсиды мæн — æнцойад мын нæ дæтты,
Мæ кæрон кæд æрхæццæ ис, уæддæр.

Мæнгæн нæ баззад арфæйаг ныхас:
Тæвд балæууы æппæтæй дæр уæлæрвты.
Уæлæрвты онг фæцæудзынæн æз дæр?

Огнем железо укрощает властно,
Секреты ремесла познав, кузнец.
Знаком с горящим горном и творец —
Прочна в металле форма и прекрасна.

К огню стремится птица Феникс страстно,
А наш удел — стать пеплом под конец.
Без пламени в груди я не жилец,
Но и сгореть бы не хотел напрасно.

Я счастлив, душу породнив с огнем.
Он негасим во мне и жжет так сладко,
Хоть близится к закату жизнь моя.

Не зря живет поверие о том,
Что жар уходит в небо без остатка.
Ужели с ним не вознесусь и я?

37

Si amico al freddo sasso e 'l foco interno
che, di quel tratto, se lo circumscrive,
che l'arda e spezzi, in qualche modo vive,
legando con se gli altri in loco etterno.
E se 'n fornace dura, istate e verno
vince, e 'n piu pregio che prima s'ascrive,
come purgata infra l'altre alte e dive
alma nel ciel tornasse da l'inferno.
Cosi tratto di me, se mi dissolve
il foco, che m'e dentro occulto gioco,
arso e po' spento aver piu vita posso.
Dunche, s'i' vivo, fatto fummo e polve,
etterno ben saro, s'induro al foco;
da tale oro e non ferro son percosso.

37

Арт рафыцдзæни дуры дæр йæ сонтæй, —
Рæстæгмæ дзы æркæны уый бынат.
Куы бацæры æгомыг дуры арт —
Сæ иудзинад æркæсы уæд бæрзондæй.

Сæрддон æнтæф, гъе зымæджы хъызт бонтæ
Кæд уыдысты æдзæм дурмæ нымад?
Æгомыг дуры дæр æхсиды цард, —
Фыдæх фæсура, ферваза зындонæй.

Æндонау, царды гуылфæнты æхсыст,
Цыдтæн кæмфæнды — мемæ уыди ме ‘хсар,
Сыгъдтæн мæ монцты, — нæй, нæ фæдæн сыгъд.

Уæлæрвтæ сты æдзухæй дæр мæ тыхст, —
Æрвон цæхæртæ хъуамæ кала ме ‘хсон, —
Дæн аивадæн æз, гъе, ахæм гуырд.

Огню и чрево камня не преграда,
И он до времени таится в нем.
Коль в грубой глыбе жизнь забьет ключом,
Сей дружбе вечность будет как награда.

Зной летний, зимние порывы хлада —
А камню испытанье нипочем.
Вот и душа калит себя огнем,
Чтоб выжечь скверну и избегнуть ада.

Как сталь, в горниле жизни закален,
Повсюду шел я с поднятым забралом;
Страстями пламенел, но не сгорел.

Я помыслами в вечность устремлен.
Златые искры высекать кресалом —
Таким в искусстве вижу свой удел.

38

Forse perche d'altrui pieta mi vegna,
perche dell'altrui colpe piu non rida,
nel mie propio valor, senz'altra guida,
caduta e l'alma che fu gia si degna.
Ne so qual militar sott'altra insegna
non che da vincer, da campar piu fida,
sie che 'l tumulto dell'avverse strida
non pera, ove 'l poter tuo non sostegna.
O carne, o sangue, o legno, o doglia strema,
giusto per vo' si facci el mie peccato,
di ch'i' pur nacqui, e tal fu 'l padre mio.
Tu sol se' buon; la tuo pieta suprema
soccorra al mie preditto iniquo stato,
si presso a morte e si lontan da Dio.

38

Цæмæй мын искæй зындзинад æмбæрст уа,
Йæ рис ын зонон, банкъарон æй фаг, —
Хъæуы мæн раивын мæ конд, мæ уаг, —
Æттагонмæ кæсын фæлмæндæр цæстæй.

Куы тауынц арвыл сау мигътæ сæ хъæстæ,
Æссардзынæн уæлæрвтæм уæд фæндаг? —
Куы нæу нывыл мæхицæн дæр мæ равг,
Стæй м' алфамблай куы хъуысы тарст хъæлæстæ,

О, дзуарыл хъизæмар! О, рис! О, туг!
Æнусон фыдæх фесæфæд уæ аргъæй!
Фыдæй-фыртмæ йæ мауал хæсса цард.

Уæлæрвтæм у мæ сыгъдæг куывд æдзух.
Нæй, ницы ис зæххыл уæззаудæр уаргъæй:
Бæллыс мæлæтмæ — де 'вварс нæу Хуыцау.

Чтоб к людям относиться с состраданьем,
Терпимым быть и болью жить чужой,
Пора бы мне умерить норов свой
И большим одарять других вниманьем.

Найду ль я путь, подсказанный сознаньем,
Когда от туч черно над головой
И голоса окрест грозят бедой,
А сам живу недобрым ожиданьем?

О муки на кресте, о боль и кровь,
Да искупится вами грех извечный!
В нем рождены и я, и мой родитель.

С мольбою к небу обращаюсь вновь.
Нет горше доли в жизни быстротечной,
Когда ждешь смерти, но далек Спаситель.

39

I' l'ho, vostra merce, per ricevuto
e hollo letto delle volte venti.
Tal pro vi facci alla natura i denti,
co' 'l cibo al corpo quand'egli e pasciuto.
I' ho pur, poi ch'i' vi lasciai, saputo
che Cain fu de' vostri anticedenti,
ne voi da quel tralignate altrimenti;
che, s'altri ha ben, vel pare aver perduto.
Invidiosi, superbi, al ciel nimici,
la carita del prossimo v'e a noia,
e sol del vostro danno siete amici.
Se ben dice il Poeta di Pistoia,
istieti a mente, e basta; e se tu dici
ben di Fiorenza, tu mi dai la soia.
Qual preziosa gioia
e certo, ma per te gia non si intende,
perche poca virtu non la comprende.

39

Дæ æрвыстæг мæм уайтæккæ æрбафтыд,
Æссæдз хаттæй йæ бакастæн фылдæр:
Фыссын нæ базыдтай æмдзæвгæтæ ды дæр,
Гуыбындзæл комдарын куыд нæ базоны, афтæ.
Мæ зонд мын иунæг ахæм хъуыды уæфта:
Дæ рагфыдæл уыд Каины æмсæр,
Лæгау лæджы кæд рахоныс æвзæр,
Кæд цин фæкæныс ахæм лæджы сæфтыл.
Дæ туджы нæй æндæр искæйы уарзын, —
Нымбæхстысты дæ риуы маст, хæлæг,
Ды хорз лæгæн дæ йе сæфтмæ бæллæг.
Пистойæ цы загъта Данте карзæй,
Уый дар дæ зæрдыл ды. Ныхасы мæнг
Флоренци дæр, мæнмæ гæсгæ, нæ уарзы,
Йæ рухс цæхæрæй хъазы
Мæ цин-горæт. Гъе, уыцы рухс æрмæст
Хæлæгæймардæн не суындзæн йæ цæст!

Посланье получив без промедленья,
Я прочитал его раз двадцать пять,
Не по зубам стихи вам сочинять,
Как и обжорам долгое говенье.
Прослышал я без тени удивленья,
Что Каин мог бы вашим предком стать.
Раз к людям злобой пышете опять,
Вы — семени гнилого порожденье.
Предатели и низкие лжецы,
Ликуете, свободу попирая?
Себе же вред чините, подлецы.
Поэт был прав, Пистойю проклиная.
И я проклятье шлю вам всем, льстецы,
Христопродавцы и ублюдков стая.
Флоренция родная,
Хотя свиней вокруг огромна рать,
Но нам пред ними бисер не метать.

40

Se nel volto per gli occhi il cor si vede,
altro segno non ho piu manifesto
della mie fiamma; addunche basti or questo,
signor mie caro, a domandar mercede.
Forse lo spirto tuo, con maggior fede
ch'i' non credo, che sguarda il foco onesto
che m'arde, fie di me pietoso e presto,
come grazia c'abbonda a chi ben chiede.
O felice quel di, se questo e certo!
Fermisi in un momento il tempo e l'ore,
il giorno e 'l sol nella su' antica traccia;
accio ch'i' abbi, e non gia per mie merto,
il desiato mie dolce signore
per sempre nell'indegne e pronte braccia.

40

Мæ цæстытæм та айдæнау кæсын.
Уынын сæ æз: мæ монцты тых нæ батад,
Стæй бамбарын, кæй сæ дзыназы катай,
Æххуысмæ мæм, мæ удлæууæн, фæзын.

Дæ ныхæстыл ныр дæр ма æз хъæцын,
Ныр дæр ма мæ рæхойынц сусæг фатæй,
Ныр дæр мæ дызæрдыг æрцæуы дардæй
Æмæ хæссын мæ бонтимæ мæ зын.

Йæ балцвæндагыл хурты хур ныллæууæд,
Нындзыг уæнт дуне, рæстæг æмæ бон, —
Кæд райгас уаид удрæвдауæг риссаг,

Уæд афтæ ныр: мæ уды куывд æрцæуæд,
Цæмæй та æз мæ афтид риумæ ног
Нылвасон райгæ ме ‘нæзæгъгæ диссаг.

Мне очи служат зеркалом души.
Лишь в них узришь ты страсти отраженье
И осознаешь, сколь сильно мученье.
На помощь, господин мой, поспеши!

Твои слова так были хороши,
Что породили сладкое томленье.
А ныне гложет сызнова сомненье,
С которым коротаю дни в тиши.

Останови свой вечный ход, светило!
На миг замрите, время, день и час,
Коль сбудется заветное желанье.

Да будет так, о чем душа молила:
Чтоб к недостойной смог груди не раз
Прижать я совершенное созданье!

41

Non so se s'e la desiata luce
del suo primo fattor, che l'alma sente,
o se dalla memoria della gente
alcun'altra belta nel cor traluce;
o se fama o se sogno alcun produce
agli occhi manifesto, al cor presente,
di se lasciando un non so che cocente
ch'e forse or quel c'a pianger mi conduce.
Quel ch'i' sento e ch'i' cerco e chi mi guidi
meco non e; ne so ben veder dove
trovar mel possa, e par c'altri mel mostri.
Questo, signor, m'avvien, po' ch'i' vi vidi,
c'un dolce amaro, un si e no mi muove:
certo saranno stati gli occhi vostri.

41

Нæ йæ зонын, уæларвон хуры хъарм
Мæн батавта æдзæм тары йæ зынгæй,
Æви кæддæры рæсугъды фæзындæй
Æрбайсæфти мæ зæрдæйы хæрам?

Æви мын кæд мæ фын зæгъдзæни ам,
Куы фехъал дæн сæуæхсиды æрвыгæй,
Мæ баз куы уыди донластау цæссыгæй,
Куыд райхъуыст уæд фæстиаты салам?

Мæ рохст уд мын нымдгæнгæйæ цы ‘лвасы,
Уый не ‘мбарын — æппæт дæр мæ у дард.
Æрмæст мæ коммæ, нæй, нæ кæсы зæрдæ.

Зæгъдзынæн дын æнæ уæлдай ныхасæй:
Куы дæ суыдтон, гъеуæдæй дæн æнкъард,
Йæ аххосаг — дæ цæстыты кæлæнтæ.

Не знаю, право, первозданный свет
Вдруг озарил меня порой ночною
Иль уязвленное былой красою
Зарделось сердце после стольких лет?

А может быть, тот сон мне даст ответ,
Когда, очнувшись с раннею зарею
И изголовье оросив слезою,
Я услыхал донесшийся привет.

То, что мой дух смущает, как отрава,
Мне не понять — все это вдалеке.
А вот с влеченьем совладать нет мочи.

Скажу я так, не мудрствуя лукаво:
Увидев вас, с тех пор живу в тоске,
Чему виной, бесспорно, ваши очи.

42

Se 'l foco fusse alla bellezza equale
degli occhi vostri, che da que' si parte,
non avrie 'l mondo si gelata parte
che non ardessi com'acceso strale.
Ma 'l ciel, pietoso d'ogni nostro male,
a noi d'ogni belta, che 'n voi comparte,
la visiva virtu toglie e diparte
per tranquillar la vita aspr'e mortale.
Non e par dunche il foco alla beltate,
che sol di quel s'infiamma e s'innamora
altri del bel del ciel, ch'e da lui inteso.
Cosi n'avvien, signore, in questa etate:
se non vi par per voi ch'i' arda e mora,
poca capacita m'ha poco acceso.

42

Дæ цæстыты æнæкæрон æрттывдæй
Куы цæуид хъарм дæ рæсугъдау æххæст,
Уæд зæхх нæ зонид зымæгимæ хæст, —
Тæмæнтæ калид уарзæтты рæвдыдæй.

Зæххон лæджы æрдхæræны æвыдæн
Дæ рæсугъдæн йæ фылдæр у æмбæхст,
Цæмæй йæ ма уына æххæстæй цæст
Æмæ нын монцтæ ма хъазой нæ удæй.

Рæсугъд æмæ цæхæр æмдыхтæ не сты:
Кæй аив нын фæрæвдауы нæ цæст,
Æрмæстдæр уый раз судзæм уарзты арты,

Æз дæр дæн уыдонæй æмæ, о, де стæн! —
Кæй судзын, уый нæ феныс ды æрмæст,
Æргом судзын нæ базыдтон мæ рады.

Когда бы очи щедро одаряли
Теплом, сравнимым с вашей красотой,
Земля навряд ли зналась бы с зимой —
Влюбленные ее бы согревали.

Из сострадания к людской печали
Часть красоты сокрыта пеленой,
Чтоб не смущать ничем земной покой —
Иначе б страсти душу совращали.

Хоть сердце ныне вами пленено,
Но не вкусил я в полной мере благость.
Ведь чувства манит то, что видит взор.

А высшее узреть мне не дано.
Я вижу, что, оставшись цел, вам в тягость.
Для лет моих напрасен ваш укор.

43

Dal dolce pianto al doloroso riso,
da una etterna a una corta pace
caduto son: la dove 'l ver si tace,
soprasta 'l senso a quel da lui diviso.
Ne so se dal mie core o dal tuo viso
la colpa vien del mal, che men dispiace
quante piu cresce, o dall'ardente face
de gli occhi tuo rubati al paradiso.
La tuo belta non e cosa mortale,
ma fatta su dal ciel fra noi divina;
ond'io perdendo ardendo mi conforto,
c'appresso a te non esser posso tale.
Se l'arme il ciel del mie morir destina,
chi puo, s'i' muoio, dir c'abbiate il torto?

43

Ræуцин æмæ хæкъуырцкуыды дывæндæй
Сæрсæфæны ысмидæг дæн æд тыхст.
Уынгæджы бон мын нæу мæ зонд æххуыс, —
Æлгъаг мондæгты амæттаг куы фæдæн.

Æхцондзинад æз райстон карз æфхæрдæй.
Мæ зæрдæйæн нæ ныллæууыд йæ куыст, —
Æрвон рухсы кæлæн мыл кæд æртыхст, —
Æз уый хыгъд суыдтон диссаджы æрвгæлæн.

Хуыцæуттæй мын цы рæсугъд уыд нывгонд,
Куыд федтон уый мæ дыууæ цæстæй, афтæ
Æрхауд мæныл йæ хинты судзгæ хыз.

Æнæ уый нал у ныр цæрын мæ бон.
Куыд вæййы, цымæ, уарзты хъыгтæй рафтæн? —
Нæ зыдтон никæд ахæм амонд æз.

От слез восторга к смеху сквозь рыданья,
Отвергнутый, я в пропасть угодил.
Рассудок мне в беде не пособил,
И отдан я страстям на растерзанье.

Но мне отрадна тягость наказанья —
Она не остудила сердца пыл.
Хоть взгляд очей небесных ослепил,
Зато узрел я дивное сиянье.

Как только разглядел я красоту,
Ниспосланную небом мне в награду,
Сражен был ею тут же наповал.

Но без нее мне жить невмоготу.
Ужель любовь винит за муки надо?
Блаженства большего я не знавал.

44

Felice spirto, che con zelo ardente,
vecchio alla morte, in vita il mio cor tieni,
e fra mill'altri tuo diletti e beni
me sol saluti fra piu nobil gente;
come mi fusti agli occhi, or alla mente,
per l'altru' fiate a consolar mi vieni,
onde la speme il duol par che raffreni,
che non men che 'l disio l'anima sente.
Dunche, trovando in te chi per me parla
grazia di te per me fra tante cure,
tal grazia ne ringrazia chi ti scrive.
Che sconcia e grande usur saria a farla,
donandoti turpissime pitture
per riaver persone belle e vive.

44

Мæ буц хæлар, дæ хæрзтæй дæн æфсæст.
Æнтъыснæг бон мæ низы хатт æмбæрстай,
Йæ хосгæнæг ды разындтæ мæ рыстæн,
Æндæрты ‘хсæн мæн равзæрстай æрмæст.

Дæ цæстытæ куы вæййынц цинæфсæст,
Æцæг амонд уæд бамбарын æххæстæй
Æмæ, гъе, уыцы хорздзинады фæстæ
Дæуæн фæуарзы мин хорзы мæ цæст.

Хæрзæрæджы нæ хæларимæ буцæн
Уыд ацы стихтæ фыссæгыл уæ дзырд, —
Æз хæсджын дæн дæ саламы æрвыстæй.

Нæ фæхъæуы мæн — зоныс æй ды — ницы,
Фæлæ уæддæр, сæудæджерау, цъынды
Зæрдæтæ исын, фидын сын нывистæй.

Великодушный друг, о как я рад,
Что хворь мою врачуешь в дни ненастья!
Ты оценил к добру мое пристрастье —
Я средь достойных заслужил твой взгляд.

Когда сочувствием глаза горят,
Испытываю подлинное счастье
И за такое доброе участье
Готов судьбу благодарить стократ.

На днях один приятель очень лестно
С тобой вел речь об авторе сих строк.
Я за привет в долгу перед тобою.

Хоть бескорыстен я — тебе известно,
Но, словно ростовщик, беру в залог
Сердца, а отплатить могу мазнею.

45

I' mi credetti, il primo giorno ch'io
mira' tante bellezze uniche e sole,
fermar gli occhi com'aquila nel sole
nella minor di tante ch'i' desio.
Po' conosciut'ho il fallo e l'erro mio:
che chi senz'ale un angel seguir vole,
il seme a' sassi, al vento le parole
indarno isparge, e l'intelletto a Dio.
Dunche, s'appresso il cor non mi sopporta
l'infinita belta che gli occhi abbaglia,
ne di lontan par m'assicuri o fidi,
che fie di me? qual guida o qual scorta
fie che con teco ma' mi giovi o vaglia,
s'appresso m'ardi e nel partir m'uccidi?

45

Мæ цинтæ йыл куы ныббастон фыццаг хатт,
Куы йын суыдтон йæ цæстыты æрттывд,
Цæргæсау гъеуæд ме ‘нæзæгъгæ куывд
Йæ рухс базыртыл арвгæрæтты атахт.

Мæ ницæййаг фæндон мыл, уæвгæ, рахатт,
Уыдтæн раст ахæм, чи нал ф' ары дзырд,
Кæмæн вæййы цæндыл йæ хоры тыд
Æмæ Хуыцауау чи свæййы парахат.

О, диссаджы æнæзæгъгæ хæрзконд,
Дæ уындæй тайын, баруайын дæ цуры,
Куы нæ дæ уынон — зæрдæ афтид уæд.

Цы хуызы ссарон м' амонды бæрзонд,
Куыд бахизон ныр сау фыдтæй мæ хуры?
Куы нал мын уай — ыссардзынæн мæлæт.

Впервые к ней проникся обожаньем,
Увидев блеск загадочный в очах.
Орлу подобно взмыл я на крылах,
Сподвигнутый безудержным желаньем.

Я оплошал с нелепым притязаньем,
Как всякий, кто горазд лишь на словах,
Взрастить берется семя на камнях
И вровень стать с божественным созданьем.

О, чудо несказанной красоты,
Я слепну! Близ тебя мне не спокойно,
А расставаясь, стражду — сердце мрет.

Как мне достичь заветной высоты
И испытанье выдержать достойно?
Посулы жгут — отказ вконец убьет.

46

Non posso altra figura immaginarmi
o di nud'ombra o di terrestre spoglia,
col piu alto pensier, tal che mie voglia
contra la tuo belta di quella s'armi.
Che da te mosso, tanto scender parmi,
c'Amor d'ogni valor mi priva e spoglia,
ond'a pensar di minuir mie doglia,
duplicando, la morte viene a darmi.
Pero non val che piu sproni mie fuga,
doppiando 'l corso alla belta nemica,
che 'l men dal piu veloce non si scosta.
Amor con le sue man gli occhi m'asciuga,
promettendomi cara ogni fatica;
che vile esser non puo chi tanto costa.



46

Æндæрг нæ дæ. О, уды фарн дæм баххæст,
Уæддæр дæ сурæт нæу мæ бон ныффыссын;
Кæд мыл æрвон уæлтæмæнад æртыхсы, —
Дæ рæсугъдæн нæ рахатын йæ аххос.

Ныууагътон дæ æмæ ыскарз мæ сагъæс.
О, уæгъды лыгъдтæн мондæгты æвзыстæй:
Æнцойдзинад куы агуырдтон фыртыхстæй, —
Амур мæ ссардта, ныр фæдæн йæ ахæст.

Сæгуытимæ дæ дугъ у уæгъды тухæн,
Куыд фæнды ма тæх — не ссардзынæ хорзæх, —
Йæ фæстæ дæ фæуадздзæни æдыхстæй.

Мæ цæссыгтæ мын асæрфта йæ къухæй,
Зæрдæ мын бавæрдта дзæнæты хорзæй,
Фæлæ та ногæй риссы уд йæ рыстæй.

Навряд ли я смогу создать картину,
Хоть ты живая плоть, а не виденье.
Пусть свыше осенило вдохновенье,
Сей красоты мне не понять причину.

Тебя покинув, угодил в пучину.
Напрасно я бежал от наважденья,
Надеясь обрести успокоенье:
Амур настиг, усугубив кручину.

Как ни тягайся с быстроногой ланью
И ни скачи, пути не разбирая,
Хитрец любого скакуна обгонит.

Глаза мне осушив своею дланью,
Он посулил взамен блаженство рая.
Но сызнова душа от боли стонет.

47

Veggio nel tuo bel viso, signor mio,
quel che narrar mal puossi in questa vita:
l'anima, della carne ancor vestita,
con esso e gia piu volte ascesa a Dio.
E se 'l vulgo malvagio, isciocco e rio,
di quel che sente, altrui segna e addita,
non e l'intensa voglia men gradita,
l'amor, la fede e l'onesto desio.
A quel pietoso fonte, onde sian tutti,
s'assembra ogni belta che qua si vede
piu c'altra cosa alle persone accorte;
ne altro saggio abbian ne altri frutti
del cielo in terra; e chi v'ama con fede
trascende a Dio e fa dolce la morte.

47

Дæ цæсгомыл ысуынын хаттæй-хатт
Æнæзæгъгæ æрвæрттывды фæдивæн,
Уæларвон рухсау агайы дæ хивæнд,
Фæлæ, мæ паддзах, ис зæххыл дæ цард.

Æнус-æнус хæлæг-хæлмагæй мард,
Æдзæллаг бардз кæндзæни, фосау, ривæд,
Фæлæ хæстæгмæ уарзт æмæ тæригъæд
Сæ развæдæй фæсурдзæни мæйдар.

Зæххон хорзæхты арæхстджын Фæлдисæг
Нæ цардимæ нын схай кодта рæсугъд
Æмæ йын мах ныллæг нæ сæрæй кувæм.

Нæ зоны дуне ахæм æндæр диссаг.
Сыгъдæг кæмæн у йе ‘ууæнк æмæ уд, —
Фæстаджы бон нæ кæндзæни уый тухæн.

Порой я вижу на твоем челе
Непостижимое умом сиянье,
Как свет души, лишенной одеянья,
Хотя, мой господин, ты на земле.

Погрязнув в зависти и вечном зле,
Толпа осуждена на прозябанье.
Но к ближнему любовь и состраданье
Ей высветят путь к истине во мгле.

Божественный Творец земных созданий,
Помимо жизни, дал нам красоту,
И ей мы поклоняемся, как диву.

Не знает мир иных благодеяний.
Кто веру сохранил и чистоту,
Оставит без боязни жизни ниву.

48

Si come nella penna e nell'inchiostro
e l'alto e 'l basso e 'l mediocre stile,
e ne' marmi l'immagin ricca e vile,
secondo che 'l sa trar l'ingegno nostro;
così, signor mie car, nel petto vostro,
quante l'orgoglio e forse ogni atto umile;
ma io sol quel c'a me propio e e simile
ne traggo, come fuor nel viso mostro.
Chi semina sospir, lacrime e doglie,
(l'umor dal ciel terreste, schietto e solo,
a vari semi vario si converte),
però pianto e dolor ne miete e coglie;
chi mira alta beltà con sì gran duolo,
ne ritra' doglie e pene acerbe e certe.

48

Куы райсæм мах фыссæнгæрзтæ, гъе, уæд
Ныллæг кæнæ бæрзонд дзырдтæ фæлдисæм.
Уæд дурвæлгонц дæр базоны æвдисын —
Сыгъдис йæ кæнæг, гъе йæ хордта мæт.

Мæ буц хæлар, куы вæййын демæ, уæд
Дæ цæсгомыл æз рахатын фырдисæн:
Хуыцауы æви зины хинтæ исыс.
Кæны дæ буц хуыз мæн æдзух тæлæт.

Йæ фæстæ чи уадзы цæстысыг, сагъæс,
Йæ монцты сæрыл чи æрцæуы хаст,
Рæудымгæйау дыууæрдæм чи фæцуды, —

Æркæрддзæн уый фыдамонды фыдахаст,
Рæсугъдимæ нæ уыдзæн никæд баст,
Æрмæстдæр маст ысуындзæни йæ уды.

Беря перо с чернилами, порой
Мы пишем низким иль высоким слогом.
И образ в камне говорит о многом:
Горел творец иль был объят тоской.

Когда, мой повелитель, я с тобой,
То на лице твоем читаю строгом:
Ведешь ты дружбу с дьяволом иль с Богом,
Но вдохновляюсь родственной чертой.

Кто сеет вздохи, стоны и рыданья,
Идя у прихоти на поводу,
Изменчивой, как ветер в непогоду,

Пожнет одни несчастья и страданья.
Не с красотою будет он в ладу,
А только боль узрит душе в угоду.

49

Vorrei voler, Signor, quel ch'io non voglio:
tra 'l foco e 'l cor di ghiaccia un vel s'asconde
che 'l foco ammorza, onde non corrisponde
la penna all'opre, e fa bugiardo 'l foglio.
I' t'amo con la lingua, e poi mi doglio
c'amor non giunge al cor; ne so ben onde
apra l'uscio alla grazia che s'infonde
nel cor, che scacci ogni spietato orgoglio.
Squarcia 'l vel tu, Signor, rompi quel muro
che con la suo durezza ne ritarda
il sol della tuo luce, al mondo spenta!
Manda 'l preditto lume a noi venturo,
alla tuo bella sposa, accio ch'io arda
il cor senz'alcun dubbio, e te sol senta.



49

Хуыцау, хъæуы ыстыр хорздзинад мæн.
Мæ зæрдæйæ дæу æхсæн сыстад их-цæнд,
Мæхæдæг дæр æз цъитийы кæрдих дæн
Æмæ мæ фыст æппæтæй дæр у мæнг.

Бæрзонд уарзтæн хъуыддагæй ис зæгъæн,
Æнæ дæ хъармæй æз æгомыг сих дæн,
Æз ме ‘нæбонæй райдайын уæд джихтæ, —
Мæ сæрыстыр мæ сафæг у мæнæн.

Кæуыл нæ фæтых хур йæ тынты уагæй,
Дæ хъаруйæ ныккал ды уыцы сис.
Мæ цæстытæ мын мигъы фæлм æвзоны.

Тæригъæдджынты рохуаты бар ма кæн,
Æрцу мæ удмæ, уарзонæй æрхиз,
Цæмæй уа не ‘ууæнк фидардæр æхсонæй.

Хочу, Господь, о чем мечтать не мог.
Завеса льда меж сердцем и Тобою,
А я оброс коростой ледяною,
И нагло лжет исписанный листок.

В делах, а не в словах любви зарок.
Без Твоего тепла скорблю душою;
Никак не совладать с самим собою,
И чую, что гордыней занемог.

Так сокруши же ледяную стену,
Непроницаемую для лучей!
О Боже, очи пелена застлала.

Не отдавай нас, грешных, только тлену.
Приди к душе — избраннице своей,
Чтоб вера в нас была прочней кресала!

50

Sento d'un foco un freddo aspetto acceso
che lontan m'arde e se con seco agghiaccia;
pruovo una forza in due leggiadre braccia
che muove senza moto ogni altro peso.
Unico spirto e da me solo inteso,
che non ha morte e morte altrui procaccia,
veggio e truovo chi, sciolto, 'l cor m'allaccia,
e da chi giova sol mi sento offeso.
Com'esser puo, signor, che d'un bel volto
ne porti 'l mio cosi contrari effetti,
se mal puo chi non gli ha donar altrui?
Onde al mio viver lieto, che m'ha tolto,
fa forse come 'l sol, se nol permetti,
che scalda 'l mondo e non e caldo lui.

50

Йæ уазал уындæй сбуц кодта йæхи,
Уæддæр мæ тавы удфæлварæн тыхсты.
Йæ фæлмæн къухты узæлгæ æртыхстæй,
Фæсурид уый, бæргæ, цыфыддæр хин.

О, диссаджы бæллицты сусæг зин!
Æгъуыстуайæ кæны æппæт æгъуыстаг,
Æнæзынгæйæ хайджын стæм йæ рыстæй,
Æвæлмасæй кæны нæ мастыл цин.

Дыгъуырццæг мын цæмæн, цымæ, æрхæссы,
Æмбал кæмæн нæй, уыцы уазал уынд?
Йæ тызмæгæй мын уагæры цы дзуры?

Дæ рæсугъддзинад хуры дæр æмбæрзы,
Æрмæст хъæрзы фырадæргæй мæ уд:
Ды хурау судзыс, фæлæ дард дæ хурау.

Сияет лик холодной красоты.
Он жжет, хотя застыл в оцепененье.
От нежных рук такое притяженье,
Что, как пушинка, к ним влеком и ты.

О странный дух несбыточной мечты!
Нетленен — обрекает всех на тленье;
Свободен — но приносит угнетенье:
В нем равнодушье вместо доброты.

Так отчего смятенье порождает
Твой бесподобный и лилейный лик?
Зачем, мой господин, влечешь так властно?

Пусть красота светила затмевает,
Но я, ее увидев, сердцем сник —
Она, как солнце, вечна и бесстрастна.

51

Veggio co' be' vostr'occhi un dolce lume
che co' mie ciechi gia veder non posso;
porto co' vostri piedi un pondo addosso,
che de' mie zoppi non e gia costume.
Volo con le vostr'ale senza piume;
col vostro ingegno al ciel sempre son mosso;
dal vostro arbitrio son pallido e rosso,
freddo al sol, caldo alle piu fredde brume.
Nel voler vostro e sol la voglia mia,
i miei pensier nel vostro cor si fanno,
nel vostro fiato son le mie parole.
Come luna da se sol par ch'io sia,
che gli occhi nostri in ciel veder non sanno
se non quel tanto che n'accende il sole.

51

Æз дунемæ дæ цæстытæй фæлгæсын,
Æнæ дæу тайы цæстытæн сæ тых,
Фæндагыл дæр æз разынын къуылых,
Æмæ мæ цин дæ къахвæдтыл фæхæссын.

Уæлæрвтæм дæр дæ базыртæй æххæссын,
Дæ зондæй у мæ рухс бæллиц хъæддых,
Рæсугъды цур æхгæд вæйиы мæ дзых:
Мæ хид фæкæлы, кæнæ та ныргъæвсын.

Мæхи æз де ‘вджид бакодтон мæ рæстæй,
Дæумæ куы бæллын абонæй фæстæмæ.
Дæ улæфтæй мæ дзыхы дзырд фæтайы.

Дæуыл æфтауын ме ‘ууæнк æз æрмæстдæр
Куы нæ мæ тавис хурау ды хæстæгмæ,
Æнæ дæ рухс уæд мæйау уазал уаин.

Свет чудный вижу вашими очами —
Без вас бы одолела слепота.
В пути меня подводит хромота,
И к цели вашими иду стопами.

Бескрылый, вашими парю крылами,
И вашим разумом крепка мечта.
В озноб и жар вгоняет красота:
Дрожу иль исхожу семью потами.

Отдался вашей власти я всецело —
Отныне к вам тянусь с одним желаньем.
Дыханьем вашим речь моя согрета.

Лишь вам во всем я доверяюсь смело.
Не одари вы солнечным сияньем,
Я стал бы хладною луной без света.

52

I' mi son caro assai piu ch'i' non soglio;
poi ch'i' t'ebbi nel cor piu di me vaglio,
come pietra c'aggiuntovi l'intaglio
e di piu pregio che 'l suo primo scoglio.
O come scritta o pinta carta o foglio
piu si riguarda d'ogni straccio o taglio,
tal di me fo, da po' ch'i' fu' berzaglio
segnato dal tuo viso, e non mi doglio.
Sicur con tale stampa in ogni loco
vo, come quel c'ha incanti o arme seco,
c'ogni periglio gli fan venir meno.
I' vaglio contr'a l'acqua e contr'al foco,
col segno tuo rallumino ogni cieco,
e col mie sputo sano ogni veleno.

52

Мæ туг цæвы — кæрон мæ цинæн нæй,
Дæ фæрцы та мæ уды хæрв æз ивын.
Раст афтæ ма æгомыг дур æрттивы,
Æрмдæсны йыл куы андзæвы фæрнæй.

Зынаргъдæр та куыд нæу сыгъдæг сыфæй
Цыфæнды ныв æмдзæвгæйы рæнхъимæ.
Мысан кæй дæн — кæсын лæгдæр мæхимæ:
О, сарæзтон та фатæхсæг дæуæй.

Хъысмæтæй æз хæрзамондджын куы фæдæн:
Зынг мæ нæ судзы, мæн нæ ласы дон,
Æз ахизын цыфæнды фыдты сæрты.

Цæстырухс здахын куырмытæн мæ фæндæй,
Ды дæ мæнæн мæ мысайнаг-фæндон
Æмæ æз йемæ маргæн дæр нæ сæттын.

Воспрянул духом — радость велика,
Настолько я преображен тобою!
Так грубый камень блещет красотою,
Когда коснется мастера рука.

Куда ценнее чистого листка
Любой рисунок скромный со строкою.
Твоей мишенью став, горжусь судьбою,
Что возбудил в тебе азарт стрелка.

Мне выпало великое везенье —
Я не тону и не горю в огне,
Одолевая всякую преграду;

Слепцам несчастным возвращаю зренье.
Ты верным талисманом служишь мне,
И с ним я неподвластен даже яду.

53

D'altrui pietoso e sol di se spietato
nasce un vil bruto, che con pena e doglia
l'altrui man veste e la suo scorza spoglia
e sol per morte si puo dir ben nato.
Cosi volesse al mie signor mie fato
vestir suo viva di mie morta spoglia,
che, come serpe al sasso si discoglia,
pur per morte potria cangiar mie stato.
O fussi sol la mie l'irsuta pelle
che, del suo pel contesta, fa tal gonna
che con ventura stringe si bel seno,
ch'i' l'are' pure il giorno; o le pianelle
che fanno a quel di lor basa e colonna,
ch'i' pur ne porterei duo nevi almeno.



53

Йæхицæн нæ, æппæтæн хорз — йæ фæнд.
Цыллæйы калм йæ тын æгæрон уарзта,
Суанг й' амæлæтмæ тын — нывæндгæ — хаста,
Уыд иннæтыл мæгуырæгæн йæ мæт.

Мæнæн дæр ку' уаид уый хуызæн хъысмæт,
Куы аппарин — цы уарзтон бирæ азты, —
Нывондæн дын мæхи æрхæссин, растæн
Мæ уд дæр сласин — бахъæуид дæ кæд.

Мæ хъуыдыты цы ис мæнæн зынаргъæй —
Мæ царм уæлхъæдæй растигъон цæмæй
Æмæ дзы дарæс бахуыйон дæуæн,

Кæнæ та дын мæ бæзджын-хъуынджын цармæй
Дыууæ дзабыры барæхсон фæрнæй,
Цæмæй дын уа зæххыл æнцон цæуæн.

Ко всем, но не к себе добра полна,
Дурнушка гусеница ткет часами,
Пока не сгинет, одарив шелками, —
Бедняжка лишь для жертвы рождена.

Будь мне такая участь суждена,
Отринув все, что я ценил годами,
Себя принес бы в жертву с потрохами,
Исторгнув душу, коль тебе нужна.

И нет уж мысли для меня дороже,
Как шкуру с самого себя содрать,
Чтоб из нее пошить тебе наряд,

Иль из моей дубленой грубой кожи
Хоть пару крепких башмаков стачать —
Носи без сноса года два подряд!

54

Rendete agli occhi mei, o fonte o fiume,
l'onde della non vostra e salda vena,
che piu v'innalza e cresce, e con piu lena
che non e 'l vostro natural costume.
E tu, folt'air, che 'l celeste lume
tempri a' trist'occhi, de' sospir mie piena,
rendigli al cor mie lasso e rasserena
tua scura faccia al mie visivo acume.
Renda la terra i passi alle mie piante,
c'ancor l'erba germugli che gli e tolta,
e 'l suono eco, gia sorda a' mie lamenti;
gli sguardi agli occhi mie tuo luce sante,
ch'i' possa altra bellezza un'altra volta
amar, po' che di me non ti contenti.

54

Цæугæдæттæм цы цæссыгтæ фæкуыдтон,
Ныр уыдон раздах — цас уаиккой, цæй!
Цъæх уалдзæг та сæ сфæйлаудзæн фæрнæй.
Ныр та ыздахæм — чи цы дары, уыдон.

О ме ‘рхæндæг, дæу бонгай æз фæбыдтон
Мæ улæфтæй, мæ миднымæр куывдæй,
Мæ рухс мын ма ‘хгæн саумылаз фæлмæй, —
Æхсæв у, бон — кæдæй йæ æз нæ зыдтон.

О зæхх, мæ къахдзæфтæ мын ратт мæ къæхтæн,
Цъæх гауыз мын мæ къахвæндæгтыл аппар,
Фыццаджы хъæрзт, мæ зæрдæйы æрцæр.

Мæ цæстытæм фыццаджы рухс ыздæхæд,
Уыдзынæн ногæй æз рæсугъды уацар,
Кæд у нæ уарзт цыбыр фынау уæддæр.

Ручьи, я столько пролил слез над вами!
Верните их. Вы будете рекой,
Вас половодье одарит весной,
А ныне расквитаемся с долгами.

Печаль моя, тебя я ткал годами
И вздохами, и тихою мольбой.
Не засти свет густою пеленой —
Уж перепутались все дни с ночами.

Земля, верни шаги моим стопам
И скрой следы своим ковром зеленым.
Откликнись эхом сердца, прежний стон.

Да возвратится свет моим очам,
И быть мне новой красотой плененным,
Раз призрачна любовь, как краткий сон.

55

Al cor di zolfo, a la carne di stoppa,
a l'ossa che di secco legno sieno;
a l'alma senza guida e senza freno
al desir pronto, a la vaghezza troppa;
a la cieca ragion debile e zoppa
al vischio, a' lacci di che 'l mondo e pieno;
non e gran maraviglia, in un baleno
arder nel primo foco che s'intoppa.
A la bell'arte che, se dal ciel seco
ciascun la porta, vince la natura,
quantunche se ben prema in ogni loco;
s'i' nacqui a quella ne sordo ne cieco,
proporzionato a chi 'l cor m'arde e fura,
colpa e di chi m'ha destinato al foco.

55

Йæ зæрдæ — топхос, й' агъуд та — бæмбæг,
Уæнгтæй дæр чи у, хус хъандзалау, ардыд,
Сæнттæй уæлдай кæмæ нæу цард нымады,
Йæ мондæгтыл дæр чи нæ у хæцæг,

Хуыцауы зонд нæ райста ахæм лæг,
Цæмæй йæхи йæхæдæг схойа царды, —
Аслам цырагъау асудздзæн йæ рады,
Гъе, стæй йæ хъысмæт рахондзæни мæнг.

Хуыцауы дзинг кæуыл бамбæлд — йæ куыстыл
Фæлдисæг æрдз дæр ма ныккæны дис,
Кæд алцæуыл йæхи гакк ис, уæддæр.

Мæ райгуырдæй мæ цин æмæ мæ тыхсты
Мæ уды цырагъ айвадæн сыгъдис, —
У аххосджын — мæн чи скодта цæхæр.

В ком сердце — порох и из пакли — плоть,
А весь костяк подобен сухостою,
Кто не знаком ни с мерой, ни с уздою
И блажь свою не в силах побороть,

Того умом не одарил Господь,
Чтоб с толком управлять самим собою.
Тот вмиг сгорит копеечной свечою,
И незачем судьбе глаза колоть.

Кто свыше одарен, его творенья
Саму природу смогут поразить,
Хотя печать ее руки на всем.

К искусству я не слеп, не глух с рожденья
И в муках буду век ему служить —
Повинен тот, кто породнил с огнем.

56

A che piu debb'i' omai l'intensa voglia
sfogar con pianti o con parole meste,
se di tal sorte 'l ciel, che l'alma veste,
tard' o per tempo alcun mai non ne spoglia?
A che 'l cor lass' a piu languir m'invoglia,
s'altri pur dee morir? Dunche per queste
luci l'ore del fin fian men moleste;
c'ogni altro ben val men c'ogni mia doglia.
Pero se 'l colpo ch'io ne rub' e 'nvolo
schifar non posso, almen, s'e destinato,
chi entrera 'nfra la dolcezza e 'l duolo?
Se vint' e preso i' debb'esser beato,
maraviglia non e se nudo e solo
resto prigion d'un cavalier armato.

56

Цымæ ма ныр цæссыгкалын цы у?
Уæлæрвтæм æз куы нал кæсын æххуысмæ,
Мæ хъысмæт дæр куы ‘фтауы рыст мæ рыстыл, —
Ныр цалæм хатт æвзары уый мæ уд?!

Цæмæн ма хъæуы мондæгты рæвдыд,
Кæд нын ныввгонд у рагацау æгъуыстуай?
Дæ монцты арты удхæрæн æртыхстæй
Дæ сæнттимæ ды макуы кæн æмцыд.

Кæд сисон къух — цы мын уыди зынаргъæй,
Мæ зынты уаргъæн бафæразон кæд,
Хуыцауæнгæс ма ссардзынæн мæхицæн?

Æз ницæуыл уал бадис кæнын рагæй,
Ныххоста мæ фыддæрадæн хъысмæт,
Мæ риу та мын ныццавта фатæй рыцæр.

К чему я горьким предаюсь слезам,
Раз не видать от неба снисхожденья
И от судьбы жестокой нет спасенья,
В чем не однажды убедился сам?

Зачем же сердце отдавать страстям,
Когда над нами рок довлеет тленья?
Как ни смущают душу искушенья,
Не стоит слепо доверять мечтам.

Коль скоро от надежд я отрекаюсь,
Смирившись с грузом тягостных обид,
Найду ль кумира в горестных утехах?

Я ничему давно не удивляюсь,
Хотя жестоко бедами побит
И ранен в сердце рыцарем в доспехах.

Ben mi dove' con si felice sorte,
mentre che Febo il poggio tutto ardea,
levar da terra, allor quand'io potea,
con le suo penne, e far dolce la morte.
Or m'e sparito; e se 'l fuggir men forte
de' giorni lieti invan mi promettea,
ragione e ben c'all'alma ingrata e rea
pieta le mani e 'l ciel chiugga le porte.
Le penne mi furn'ale e 'l poggio scale,
Febo lucerna a' pie; ne m'era allora
men salute il morir che maraviglia.
Morendo or senza, al ciel l'alma non sale,
ne di lor la memoria il cor ristora:
che tardi e doppo il danno, chi co.

57

Уыд амонды цин мемæ дæр кæддæр.
Мæ риуы Хуры рухс тынтæ ныууарыд,
Æнæмæтæй зылдтæн бæрзонд уæларвы,
Фæлæ мæ рухсæй нал аззад фæд дæр.

Фæтахтысты мæ амонды сæнттæ,
Мæ бæллицтæ ныррыг ысты мæйдары,
Мæ хæлар бахызти дзæнæты дуарыл, —
Æз аззадтæн хæрзиунæгæй æддæ.

Æнæ Хурæй нæй базыр дæр, æнцой дæр.
Мæ цард-къуыбыр мæнæн дæр асин уыд,
Цæмæй уæлдæрмæ базонон ыссæуын.

Мæ уд уæлæрвты агуры æнцойад,
Мæ цардвæндаг куы фæуон искæд цыд,
Æрлæудзынæн Хуыцауы рухс къæсæрыл?

Счастливый случай был упущен мной.
Согретый Феба теплыми лучами,
Парил я беззаботно над холмами,
Но вскоре свет померкнул над землей.

Вновь счастье пролетело стороной,
И все мечты развеялись ветрами.
Исчез мой друг за райскими вратами —
Остался я один за их чертой.

Без Феба нет ни крыльев, ни опоры.
Холм жизни лестницей служить мне мог,
Чтоб совершить достойно восхожденье.

Душа лишь к небу обращает взоры.
Достанет сил переступить порог,
Когда и я закончу дней теченье?

58

Perche Febo non torce e non distende
d'intorn' a questo globo freddo e molle
le braccia sua lucenti, el vulgo volle
notte chiamar quel sol che non comprende.
E tant'e debol, che s'alcun accende
un picciol torchio, in quella parte tolle
la vita dalla notte, e tant'e folle
che l'esca col fucil la squarcia e fende.
E s'egli e pur che qualche cosa sia
cert'e figlia del sol e della terra;
che l'un tien l'ombra, e l'altro sol la cria.
Ma sia che vuol, che pur chi la loda erra,
vedova, scura, in tanta gelosia,
c'una lucciola sol gli puo far guerra.

58

Нæу Хурæн дæр уæлæрвты рухс бæрзондæй
Æппæт дунетыл байзæрын йæ хъарм.
У махæн дæр æдзæм æхсæвы тар
Цыдæр сусæг, кæй нæ хатæм нæ зондæй.

Ызгъоры æхсæв рухс цæхæры скондæй
Æмæ йæхицæн агуры мæйдар,
Къæцæлы къæрцц, мæнгвæдæджы тæпп-сайд
Ысты йæ уæнгæл — фесхъиуы æбонæй.

Йæ зонысгыл ын кувы зондцух лæг,
Идæдз усау, хæлæгæй у фыдамонд,
Æрттиваг зулкъыл дæр æруадзид цæф.

Уæвгæ тыхджын у абон дæр æууæнк.
Зынг хуры тынтæй райгуырдзæни ауон,
Зæрæхсидæн йæ кæрон — тар æхсæв.

И даже Феб объять не в силах разом
Своим лучом холодный шар земной.
А нам подавно страшен час ночной,
Как таинство, пред коим меркнет разум.

Бежит от света ночь, как от проказы,
И защищается кромешной тьмой.
Хруст ветки иль курка щелчок сухой
Не по нутру ей — так боится сглаза.

Глупцы пред нею падать ниц вольны.
Завистлива, как вдовая царица,
Она и светляков сгубить не прочь.

Хотя предубеждения сильны,
От солнечного света тень родится
И на закате переходит в ночь.

59

O notte, o dolce tempo, benche nero,
con pace ogn' opra sempr' al fin assalta;
ben vede e ben intende chi t'esalta,
e chi t'onor' ha l'intelletto intero.
Tu mozzi e tronchi ogni stanco pensiero;
che l'umid' ombra ogni quiet' appalta,
e dall'infima parte alla piu alta
in sogno spesso porti, ov'ire spero.
O ombra del morir, per cui si ferma
ogni miseria a l'alma, al cor nemica,
ultimo delli afflitti e buon rimedio;
tu rendi sana nostra carn' inferma,
rasciughi i pianti e posi ogni fatica,
e furi a chi ben vive ogn'ira e tedio.

59

Æхсæвы тар, кæд сауимæ æмвæнд дæ!
Куыд хорз фæцæуы де 'дзæмы мæ куыст, —
Фæрæвдауын мæ хъуыдыты æлвыст!
Ды зонды хорзæн Уæллагæй лæвæрд дæ.

Уадз сурой мæн мæ хъуыдытæ, мæ фæндтæ,
Дæ дæлбазыр куы ‘ррæвдауын мæ рыст,
Мæ мидвынты куы айсæфы мæ тыхст,
Уæд разынынц æцæгдзинады фæдтæ.

Мæлæты ауон, нæй дæуæн та аргъ,
Ды, иунæг ды, тæригъæдтæ ныббарыс, —
Мах бахизыс удты ныллæг рухсæй.

Нæ уæнгты уаргъы иугæндзон паддзах, —
Фæразондзинад раст зæрдæтæн раттыс,
Сæ цæссыгтæ сын асурыс æнустæм.

О, час ночной, хотя покров твой мрачен,
Как спорится работа в тишине
И любо с думой быть наедине!
Ты откровеньем мудрости означен.

Пусть я бываю вечно озадачен,
В тени бодрящей так отрадно мне
Полет мечты лелеять в полусне,
Чтоб с явью не был высший смысл утрачен.

О призрак хладной смерти, ты один
За все страданья служишь искупленьем
И от духовной нищеты спасаешь.

Над нашим бренным телом господин,
Ты одаряешь праведных терпеньем
И слезы их навечно осушаешь.

60

Ogni van chiuso, ogni coperto loco,
quantunche ogni materia circumscrive,
serba la notte, quando il giorno vive,
contro al solar suo luminoso gioco.
E s'ella e vinta pur da fiamma o foco,
da lei dal sol son discacciate e prive
con piu vil cosa ancor sue specie dive,
tal c'ogni verme assai ne rompe o poco.
Quel che resta scoperto al sol, che ferve
per mille vari semi e mille piante,
il fier bifolco con l'aratro assale;
ma l'ombra sol a piantar l'uomo serve.
Dunche, le notti piu ch'e' di son sante,
quanto l'uom piu d'ogni altro frutto vale.



60

Хæссы йæ мидæг фарнбæрджытæ хъусæй
Цыфæнды дзаума, алкæцы гуырахст,
Йæ аивдзинад — æхсæвимæ баст,—
У рухс æмæ æттагон цæстæн сусæг.

Фæлæ фыдæх дæр æхсæвмæ лæбуры:
Цырагъæй, кæнæ артæй у йæ тас.
Хъæндилы рухсæй дæр æрцæуы саст,
Сæумæцъæхтыл та хур вæййы йæ сурæг.

Куы нæм фæзыны уалдзæджы кæлæн,
Уæд бафсады нæ хуымтæ сой-æртахæй,
Нæ тыд хор тары рауадзы æвзар.

Нæ царды рæзтæн хорз у тары мæнг,
Гъе, уый тыххæй лæвæрд у æхсæв махæн,
Цæмæй æнусон уа нæ зæххыл цард.

Таит в себе материю незримо
Любая вещь иль замкнутый объем.
И тайна в облике ее ночном
От света и сторонних глаз хранима.

Но и ночная темень уязвима
То факелом горящим, то костром;
Она дрожит пред хилым светлячком
И на заре светилом прочь гонима.

Когда приходит на поля весна,
Обильно почву орошает влага
И прорастают семена во мгле.

Для зарожденья жизни тень важна,
А потому и ночь дана во благо,
Чтоб люди жили вечно на земле.

61

Colui che fece, e non di cosa alcuna,
il tempo, che non era anzi a nessuno,
ne fe' d'un due e die 'l sol alto all'uno,
all'altro assai piu presso die la luna.
Onde 'l caso, la sorte e la fortuna
in un momento nacquer di ciascuno;
e a me consegnaro il tempo bruno,
come a simil nel parto e nella cuna.
E come quel che contrafa se stesso,
quando e ben notte, piu buio esser suole,
ond'io di far ben mal m'affliggo e lagno.
Pur mi consola assai l'esser concesso
far giorno chiar mia oscura notte al sole
che a voi fu dato al nascer per compagno.

61

Хуыцау куы фæци фарны хъуыддаг арæзт,
Уæд рæстæгæн дæр бахай кодта цард,
Фæкодта йæ дыууæ дихы йæ кард, —
Ысты ныр уыдон Хуры, Мæйы ахаст.

Мæйдар уа, рухс — лæгæн уый радта, марадз! —
Цæуы сæ хæрзтыл алкæмæн йæ бар.
Мæнæн дæр радта æхсæвы мæйдар,
Гъе, уымæн дæн мæ райгуырдæй æз саулагъз.

Мæнæн дæр ныр, мæ халдихы хуызæн,
Мæ уд цæры æдзæм мæйдары тары,
Вæййы æрхæндæг сагъæсты дæлбар,

Фæлæ куы кæна царды цыд хуыздæр,
Æнæнхъæлæй дæм рухс йæ тын куы ‘ппара,
Уæд бауурæндын: фæсурдзынæн æз тар.

В дни памятного первосотворенья
И время создал Бог из ничего.
Он, на две части поделив его,
Отдал луне и солнцу на храненье.

Дав людям свет и темень во владенье,
Не обделил сей долей никого.
Меня сдружил Он с ночью одного —
Вот почему чернявый я с рожденья.

Уподобляясь суженой своей,
Моя душа во мраке пребывает —
От грустных дум невесело уму.

Но жизнь становится куда светлей,
Коль невзначай луч света приласкает.
Тогда я верю, что рассею тьму.

62

Non vider gli occhi miei cosa mortale
allor che ne' bei vostri intera pace
trovai, ma dentro, ov'ogni mal dispiace,
chi d'amor l'alma a se simil m'assale;
e se creata a Dio non fusse equale,
altro che 'l bel di fuor, c'agli occhi piace,
piu non vorria; ma perch'e si fallace,
trascende nella forma universale.
Io dico c'a chi vive quel che muore
quetar non puo disir; ne par s'aspetti
l'eterno al tempo, ove altri cangia il pelo.
Voglia sfrenata el senso e, non amore,
che l'alma uccide; e 'l nostro fa perfetti
gli amici qui, ma piu per morte in cielo.

62

Мæ цæстытæн уыд дун-дуне зынаргъ,
Куы суыдтой, куы, æгъуыстаг арты ‘взæгтæ:
Йæ рухс цæсгом кæмæн уыдтон мæ сæнтты,
Мæ риуы ногæй ссыгъта уый цырагъ.

Куы нæ кæнид нæ уд Хуыцауæн аргъ,
Ныгъуыликкам уæд ницæййаг хъуыддæгты.
Мах дун-дуне йæ рæсугъдæй ныббæтты,
Æнусты сусæг зонын фæнды мах.

Сымахмæ дзурын, чи у цардфæдисон:
Хæрзцыбыр у зæххон фæндаджы таг,
Стæй уарзты цин дæр уайтæккæ æрхуыссы.

Уд æмæ зонд куы фæцæрынц цæдисæй,
Æссары лæг ирвæзæн хосы уаг, —
Уæлæрвты уа, зæххыл — сæ тых нæ сысы.

Очам моим открылась благодать,
Когда они узрели огнь нетленный
И лик божественный и вдохновенный
Того, с Кем горд в родстве я состоять.

Не будь мы Господу душой под стать,
Погрязли бы в никчемности презренной,
А нас пленяет красота Вселенной,
И тщимся тайну вечности познать.

Вам говорю, живущим лишь тщетою,
О как недолог бренной жизни век,
Да и любви порывы быстротечны.

В союзе дружном разума с душою
Спасение обрящет человек, —
Те узы на земле и в небе вечны.

62

Per ritornar la donde venne fora,
l'immortal forma al tuo carcer terreno
venne com'angel di pieta si pieno,
che sana ogn'intelletto e 'l mondo onora.
Questo sol m'arde e questo m'innamora,
non pur di fuora il tuo volto sereno:
c'amor non gia di cosa che vien meno
tien ferma speme, in cui virtu dimora.
Ne altro avvien di cose altere e nuove
in cui si preme la natura, e 'l cielo
e c' a' lor parti largo s'apparecchia;
ne Dio, suo grazia, mi si mostra altrove
piu che 'n alcun leggiadro e mortal velo;
e quel sol amo perch'in lui si specchia.

62

Дæ риуы арфмæ чи ‘рхызти кæддæр,
Гъе, уыцы уд дæу батавы йæ артæй,
Дæ рохст зæрдæйæн асуры йæ катай, —
Хæссы Уæлæрвтæм ног уарзты цæхæр.

Мæ уды цинæй барайын æз дæр:
Мæ уд фыццаджы сайды уæз нæ хаты,
Нæххæцыдтæн мæ мондæгтæн сæ бартыл, —
Мæ монцты рындзæй слæууыдтæн уæлдæр.

Уд адæймагæн Уæллагæй нывгонд у
Æмæ йын ивæн — ницыхуызы — нæй,
Нæдæр æй ис æндæр истæуыл барæн.

Æвæццæгæн Бæрзонд Хуыцæутты фæнды,
Зæххон рацарды фæстæ мах цæмæй
Æнæлазæй нæ фæд Уæлæрвтæм дарæм.

Покуда с плотью в мире и дружна,
Душа живет во мраке заточенья.
Как добрый ангел, к нам полна раденья,
Коль мы умом послушны ей сполна.

Такая добродетель ей дана,
А потому к душе мое стремленье.
В ней Господа я вижу отраженье,
И к ней моя мольба обращена.

Рожденьем душу небо одарило —
Она неповторима в естестве.
Ничто на свете с нею не сравнится.

Господня мудрость, красота и сила
Лишь в хрупком, невесомом существе,
И в нем надежда наша воплотится.

63

Non men gran grazia, donna, che gran doglia
ancide alcun, che 'l furto a morte mena,
privo di speme e ghiacciato ogni vena,
se vien subito scampo che 'l discioglia.
Simil se tuo merce, piu che ma' soglia,
nella miseria mie d'affanni piena,
con superchia pieta mi rasserena,
par, piu che 'l pianger, la vita mi toglia.
Cosi n'avvien di novell'aspra o dolce:
ne' lor contrari e morte in un momento,
onde s'allarga o troppo stringe 'l core.
Tal tuo belta, c'Amore e 'l ciel qui folce,
se mi vuol vivo affreni il gran contento,
c'al don superchio debil virtu muore.

63

Мæлæты тæрхон æмæ й' аивд, Доннæ,
Æмхуызон марынц адæймаджы, зон.
Йæ туг ныдздзæм ис, фестадис ын дон,
Фыртæссæй къæхтæ нал кæсынц йæ коммæ.

Ирвæзæн нæй дæ уацары зындонæй,
Ныр цалæм аз хъæрзы мæ уд æргом.
Былдауæн хуынтæ исын нæу мæ бон, —
Гадзрахатæй ныл рацæуынц æргомæй.

Гæпп-дугъæй лæг нæма ссардта æнцой.
Фыртыхстæй зæрдæ риу ныххойы тынгдæр, —
Уыдзæни йе сæфт амонд кæнæ мастæй.

Цы уарзт лæууы дæ рæсугъды æнцой,
Цæмæй нæ тава уый йæ фæлмæн тынтæй, —
Ды бахиз мæн дæ бирæдзураг кастæй.

И казнь, о донна, и ее отмена
Убьют взошедшего на эшафот.
В нем кровь остыла, обратившись в лед,
И страх согнул дрожащие колена.

И мне вовек не вырваться из плена:
Страстями исхожу который год.
Но я не жду поблажек и щедрот,
Губительных для чувства, как измена.

От резких смен страдает наш покой.
В испуге сердце бьется учащенно —
Его погубит горе или счастье.

Чтоб порожденная твоей красой
Любовь была к нам боле благосклонна,
Умерь порывы пылкого участья!

64

Non ha l'ottimo artista alcun concetto
c'un marmo solo in se non circonscriva
col suo superchio, e solo a quello arriva
la man che ubbidisce all'intelletto.
Il mal ch'io fuggo, e 'l ben ch'io mi prometto,
in te, donna leggiadra, altera e diva,
tal si nasconde; e perch'io piu non viva,
contraria ho l'arte al disiato effetto.
Amor dunque non ha, ne tua beltate
o durezza o fortuna o gran disdegno,
del mio mal colpa, o mio destino o sorte;
se dentro del tuo cor morte e pietate
porti in un tempo, e che 'l mio basso ingegno
non sappia, ardendo, trarne altro che morte.



64

Нывгæнæджы фæнд уæд цыфæнды сонт,
Гуымиры дуры алцы дæр æмбæхст у
Æмæ дзы хъуыды разыны æххæстæй,
Куы фæаразы сарты фæндаг зонд.

Æрмæст зæрдæтæ не сты дурæй конд
Æмæ сæ, Доннæ, мары уазалхъæстæ.
Нæ мын ныууагътай мидбылхудт дæ фæстæ, —
Мæ куыст дæр уымæн не слæууыд бæрзонд.

Цы фыдтæ æмæ хъизæмæрттæ 'взарын, —
Нæ сæм дарыс дæ рæсугъдимæ бар,
Нæу аххосджын æнæхатыр хъысмæт дæр.

Фыдæхы бæсты хорз мæ зæрдыл дарын,
Фæлæ у дуне м' алфамбылай тар, —
Тæрхонгæнæг у зонды цæст æппæтæн.

Сколь смел бы ни был замысел творца,
Он в грубом камне заключен в избытке,
И мысль в нем отразится без ошибки,
Коль движет ум работою резца.

Но не из камня сделаны сердца,
И хлад для них, о донна, хуже пытки.
Тепла лишенный в жизни и улыбки,
В искусстве я далек от образца.

За беды, коими живу поныне,
Я не виню тебя иль красоту.
Жестокий жребий тоже не в ответе.

